ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

# АДЫГЭ ПСАУ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№117 (23.275) • 2016 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 21, гъубж • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

## Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и комиссэм Ульбашев Мухьэрбий хагъэхьэ

**Мы гъэм хабзэгъэув Іэнатіэм щыбзыхуащ федеральнэ бюджетым и мылъкур щхьэхуэу зэрытрагъашэ щыкІэр. ПІалъэкІэ (мы гъэм хахыну Къэрал Думэр и Іэнатіэм пэрыувэхуКІэ) мардэу ягъэув бюджетым халъхьэ зэхъуэкІыныгъэхэм Бюджет мылъкур щІэуэ тегуэшэжынымкІэ Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и комиссэр Іэмал имыІэу хэпІэнунущ.**

КОМИССЭМ хуитыныгъэ иІэщ мы гъэм къащта федеральнэ бюджетым къыщыгъэлъэгъуэ бжыгъэхэр пІащІэгъуэкІэ зэрихьэхкІыну. Абы хэтщ Федеральнэ Зэхуэсым и дэтхэнэ палатэми я лІыкІуэ блырыбл.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и хабзэгъэув Іэнатіэм и цІэкІэ Федерацэмкіэ Советым щыІэ Ульбашев Мухьэрбий УФ-м и ФС-м и Ищхьэ палатэм и комиссэм хагъэхьащ.

*КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапіэ.*

## Урысыем и Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и комиссэм Ульбашев Мухьэрбий хагъэхьэ

**Мы гъэм хабзэгъэув Іэнатіэм щыбзыхуащ федеральнэ бюджетым и мылъкур щхьэхуэу зэрытрагъашэ щыкІэр. ПІалъэкІэ (мы гъэм хахыну Къэрал Думэр и Іэнатіэм пэрыувэхуКІэ) мардэу ягъэув бюджетым халъхьэ зэхъуэкІыныгъэхэм Бюджет мылъкур щІэуэ тегуэшэжынымкІэ Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и комиссэр Іэмал имыІэу хэпІэнунущ.**

КОМИССЭМ хуитыныгъэ иІэщ мы гъэм къащта федеральнэ бюджетым къыщыгъэлъэгъуэ бжыгъэхэр пІащІэгъуэкІэ зэрихьэхкІыну. Абы хэтщ Федеральнэ Зэхуэсым и дэтхэнэ палатэми я лІыкІуэ блырыбл.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и хабзэгъэув Іэнатіэм и цІэкІэ Федерацэмкіэ Советым щыІэ Ульбашев Мухьэрбий УФ-м и ФС-м и Ищхьэ палатэм и комиссэм хагъэхьащ.

*КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапіэ.*

**Республикэм и гъэмахуэ лагерхэм, «Кавказ», «Долинск» сабий зыгъэпсэхупІэхэм щыІащ КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщым и апэ къуэдзэ, гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэмкІэ, узыншагъэм кІэлъыплъымрэ сабийхэм гъэмахуэм Іэнатіэ етыныжкІэ 2016 гъэм республикэ комиссэм и унафэщІ Дадэ МуІэед, комиссэм и секретарь Шаваев Тіэхьир, КЪБР-м лэжьыгъэмкІэ, цІыхухэр Іэнатіэкіэ къызэгъэпэщынымрэ гъэмкІэ и министр Тюбеев Альберт, Роспотребнадзорым КЪБР-м щиІэ Управленэм и унафэщІ Пагуэ Жыраслъэн сымэ.**

«КАВКАЗ» санаторэм сабийхэм зыщагъэпсэхунущ зэблэкІыгъуиплІу. Иджыпсту (апэ гуну) абы сабий 800 щыІэщи, 300-р Астрахань къикІащ, адрей 500-р хэти Нартан къуажэм дэт интернат-школым щалІ ныбжьыщІэхэм ящыщщ, хэти спорт школхэм (баскетболымкІэ, дзюдомкІэ, волейболымкІэ) я гъэсэнхэщ. ЕтІуанэ гупу зыгъэпсэхупІэм къэкІуэну поплъэ Шэшэн, Ингуш, Къэрэшей-Шэрджэс, Дагъыстэн республикэхэм щыщ сабийхэм.

КъэпщытакІуэхэм къапрыхьахащ зыгъэпсэхупІэр. Кхыхэгъэщыпхъэщ, гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэм санаторэр сыткІи зэрыхуагъэхъэзырар: мыбы хэтщ зыхуей хуэгъэза спорт Іэхыгъэщ Іапіэ, иІэщ футбол, баскетбол щыджэгу губгъуэхэр, къэжьихьыпІэ лъагъуэхэр, нэгъуэщІхэри. ЦІыкІуэм ядэлажьэ тренерхэм жалащ сабийхэм загъэпсэхуну спортым зыхуагъэсэну Іэмал хъарзынэ зэраІэр.

Комиссэм хэтхэр еплъащ сабийхэр кхыззрызздэжьм, топ зэрыджэгум. Спорткомплексым а махуэм щІэтт республикэ, урысейпсо зэхьэзхуэ зэмылІэужьыгъуэхэм ехъулІэныгъэхэр кхыщызыгъэлъэгъуа спортсмен ныбжьыщІэхэу «Локобаскет» школ лигэм дыжьын медаль къыщызыхьажьхэр.

Санаторэм щылажьэхэм мыхьэнэшхуэ ират сабийхэм ирагъэшхым: махуэм тхуэ ягъашхэ, Іэмал имыІэуи хадэхэкІрэ пхъэщхьэмыщхьэрэ хэту. «Кавказ» зыгъэпсэхупІэм шхапІэу тІу иІэщ. Мыбы щолажьэ Іэщагъэм хуеджа пщафІэхэмрэ Іэнэзехьэхэмрэ. Сабийхэм дохутыр щакІэлъапІэ пэшитІ яІэщи, зыхуеину псомкІи кхыззгъэпэщащ.

Санаторэм цІыкІуэр кьафэ зэмылІужьыгъуэхэм щыхуагъасэ литературэ пшыхьхэр, зэІущІэ гукъинэжэр ирагъэкІуэкІ, ди республикэм и щыпІэ дахэхэм зыщрагъэпльхьх.

Гулъытэ хэха хуащІ зыгъэпсэхупІэм шыгъэнэшагъэр кхыщызгъэпэщынымрэ. Плъырхэр жэщми махуэми мэлажьэ, абыхэм ядо-Іэпыкъу полицей гупыр, зыгуэр къэхъуэжьыкъуэмэ, хъыбар зэрефІащІэ кнопкэр. ХъумакІуэхэм санаторэм ихъуреягъыр жэщ-махуэм и кІуэцІкІэ зыбжанэрэ кхыззхакІухь.

«Долинск» санаторэм и гугъу пщІымэ, абы иджыпсту зыщагъэпсэху Шэшэн Республикэм къикІа сабий 400-м щІигъуи. Абыхэм ди республикэм я щыпІэ кьакІуэкъым, ящІэ мы зыгъэпсэхупІэр зыхуэдэр. Санаторэр Долинск и щыпІэ нэхъ дахэм хуоз, абы и гъунэгъуу псы йожэх, ихъуреягъым ІІэщІыгъуэкІэ къызыгъэщІа жыгышхуэхэр итщи, махуэм я нэхъ хуабэр щыІэтыІэ кхъыщащІ.

Иджыблагъэ мыбы удз Іэрыщі зраубгъуа топ джэгуПІэ щащІащи, цІыкІуэр футбол, волейбол щоджэгу. ЗэІущІэхэр, пшыхьхэр щрагъэкІуэкІыбу щхьэ зытелъутыкуи, сабийхэр фильм гъэщІэгъуэнхэм щрагъэпльъ пэшышхуи яІэщ. Санаторэр кьабзэщ, удз гъэгъаХэр щыкуэдщ.

КъэпщытакІуэ гупыр арэзы кхъищІащ сабийхэм щыщагъэпсэху, я узыншагъэр щрагъэфІакІуэ Іэхэуцщ Іапіэхэм я лэжьэкІэм. Дадэ МуІэед зыгъэпсэхупІэхэр зыныгъэм яжриІащ сабийхэм хуэсакъыну, щэнхабзэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэу ирагъэкІуэкІым кхыхагъэхъуэну, зэрагъашхэр кьаззрыщыхъум техуэауэ цІыкІуэм щІэх-щІэхыурэ яхэупщІыхьыну.

Комиссэм хэтхэм я мурадщ ди республикэм щыІэ нэгъуэщІ гъэмахуэ зыгъэпсэхупІэхэм щыІэну.

**ТОКЪМАКЪ Мадинэ,**
*КЪБР-м Лэжьыгъэмкіэ, цІыхухэр Іэнатіэхэмкіэ къызэгъэпэщынымрэ социальнэ дэІэпыкъуныгъэмкіэ и министерствэм и пресс-Іуэхущ Іапіэм и лэжьакІуэ.*

● Абы дегъэпейтей

## Гъэмахуэ зыгъэпсэхупІэхэр къапщытэ

**Республикэм и курыт еджапІэхэр къэзыухухэм зи чэзу Зыуэ щыт къэрал экзаменхэр ятащ. ЩІалэгъуалэм я щІэныгъэр къапщытащ тхыдэмкІэ, апхуэдэу информатикэмрэ информацэ-коммуникацэ технологиехэмкІэ.**

А МАХУЭМ Налшык къалэм и школхэр къэзыухэм экзаменхэр кхыщІыІахыну пунктхэм ящыщ зым щыІащ КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ - егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ министр **Емуз Нинэ**. Абы псалъэ гуапэхэмкІэ захуигъэзащ экзаменхэр зытыныхэм, абыхэм я адэанэхэм, егъэджакІуэхэм.

«Экзаменхэр ныдогъэблагъэ. Мы гъэунэхуныгъэхэр егъэкІуэкІыным хэт псомэ сэри, си унафэм щІэт адрей лэжьакІуэхэми къабгъэдэкІыу фІыщІэ фхуэзощІ. Ди Іуэхуэ зэпымыууэ езыгъэфІакІуэр фэ фи лэжьэкІэрщ. Иджыпсту сэ шэч кІыытэмыхьэжу жысІэфынущ ди республикэр зэрыгушхуэн, зэфІэкІ зыбгъэдэлъ сабий губзыгъэхэр зэрыдиІэр. Абы и щыхэтщ урысыбзэмкІэ экзаменхэр зытахэм ящыщу 9-м дагъуэ лъэпкъ зэрыхуамыщІар, дэтхэнэми балли 100 зэрыхуагъэувар. Ди республикэ мыиным и дежкІэ ар бжыгъэшхуэщ. Ауэ дэ абдежи дыкъыщыуфІэну ди мурадкъым, дызыхуэкІуэ илъэсым ди зэфІэкІыр хуэдэ зыбжанэкІэ кхыззэрыгъэтыным дыхущІэкъунущ. Абы папщІэ зыхуэфащэ лэжьыгъэ псори ящрагъэкІуэкІынущ Зыуэ щыт къэрал экзаменыр ятыну кхызыпэщытхэм. Экзаменхэм кхыщагъэлъагъуэ зэфІэкІыпхуэхэр зы махуэ лэжьыгъэм кхыдэкІуэркъым», - жиІащ Емуз Нинэ.

Тхыдэмкіэ экзаменхэр кхызыІахар ар зытыну ухейсщ. Апхуэдэ лъэІуэр ягъэува зэманым кхриубыдзу къаташ щколхэр кхззыухэм ящыщу цІыху 1736-м. Тхыдэмкіэ экзаменхэр кхыщыІахыну щІыпІэу 11 яубзыхуащ.

Апхуэдэ дыдэу щытащ информатикэмкІэ, информацэ-коммуникацэ технологиехэмкІэ экзаменхэри. Ар ятыну зезыгъэтхар зэрыхъур цІыхуи 100-ти, экзаменхэр кхыІахыни папщІэ 1 пункт ягъэхъызраУэ арац.

Дауэ хъуми, мы экзаменхэри ныкъусаныгъэншэу щытакъым: нэхъ ящІэ зекІуэ хабзэхэр школакІуэхэми адэ-анэхэми гурагъэІуа пэтми, телефонхэр кьагъэсэбэпыну, нэгъуэщІ кьемыззэгъ хэкІыпІэхэр щІэгъэкІуэн кьащІыну зэрыхэтэм папщІэ цІыхуи 4 зэрыкъэзгъэ ирамыгъэту кхыщІагъэкІыжащ.

Мы экзаменхэм кьарикІуэ-хэр мэкъуаугъуэм и 29-м фІэмыкІыну хэІуцІыну ящІын хуейщ. Нэхъыбэ дыдэу тхыдэмкІэ экзаменхэр зытхэм балл 32-рэ, информатикэмкІэ, информацэ-коммуникацэ технологиехэмкІэ балл 40 ягъэувыну арац.

**МЫЗ Залинэ.**

● Школ хъыбархэр

## ГуфІэгъуэ пшыхьым зыхуагъэхьэзыр

**Курыт школыр къэзыухэм ят экзаменхэм я иужьрейхэр дыгъуасэ зэфІэкІащ. Апхуэдэу плъыта хъунущ ЕГЭ-м и ныхъэ нэхъыщхьэм къыззэщІиубыдэ къэпщытэныгъэхэр ныкъыщІэхэм ятауэ.**

КъБР-м ЕгъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министерствэм и пресс-Іанатіэм и унафэщІ Мыз Залинэ хъыбар къызэрыдигъэщІамкІэ, къэпщытэныгъэхэр ныкъусаныгъэншэу зэфІэзыха ныбжьыщІэхэм иджы зыхуагъэхьэзыр школыр къызэрахъум трауха гуфІэгъуэ пшыхьым. Ди республикэм и курыт школхэм ар щекІуэкІынущ мэкъуаугъуэм и 24-м. ГуфІэгъуэ пшыхьхэм щІадзэнущ сыхьэт 16-м. Ахэр екІуэкІынущ сыхьэт 22-рэ пщІондэ.

Гуэгу махуэ, курыт школыр къэзыух ныбжьыщІэхэ. Фи мурадхэмрэ хъуэпсапІэхэмрэ Тхьэм фальигъэІэс.

**КЪАРДЭН Маритэ.**

**«ЩІыпІэ унафэр зегъэкІуэнымкІэ лІыкІуэ органхэм я депутатхэр зэрыхахым и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр зэрыхахым и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым хуэгъэзауэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ:**

1. «ЩІыпІэ унафэр зегъэкІуэнымкІэ лІыкІуэ органхэм я депутатхэр зэрыхахым и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр зэрыхахым и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр къэштэн.

2. А Законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм хуегъэхьын Іэ щІидзын икІи цІыхухэр щыгъуазэ ищІын папщІэ.

3. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі ЕГОРОВЭ Татьянэ**

*Налшык къалэ*
*2016 гъэм мэлыжьыхьым и 28-м*
*№469-П-П*

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и судыщІэхэм Іэщіагъэмкіэ я коллегием жылагъуэ лЫкІуэу хэт Тхьэгъэлэдж Мадинэ Іумбэрид и пхъум и полномочиехэр я пІалъэр къэмысу щхьэщыхьным и Іуэхукіэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и судыщІэхэм Іэщіагъэмкіэ я коллегием жылагъуэ лЫкІуэкІэ зэрыхаГъэхьэ щІыкІэм и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 6-нэ статьям иКІэ иткІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ:**

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и судыщІэхэм Іэщіагъэмкіэ я коллегием жылагъуэ хэт Тхьэгъэлэдж Мадинэ Іумбэрид и пхъум и полномочиехэр я пІалъэр къэмысу щхьэщыхьным.

2. Мы Унафэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм хуегъэхьын Іэ щІидзын икІи цІыхухэр щыгъуазэ ищІын папщІэ

3. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі ЕГОРОВЭ Татьянэ**

*Налшык къалэ*
*2016 гъэм мэкъуауэгъуэм и 16-м*
*№509-П-П.*

● Фэеплъ

## ЛІыхъужь 31-рэ щІалъхьэжынущ

**Урысейм и дзэ фэеплъ нэхъыщхьэхэм ящыщу Москва и Поклонная гора щІыпІэм иІэ Мемориал комлексым хэт МафІэ мыужьыхым щыпагъанэри, мафІэ лъапІэр Къэбэрдей-Балъкъэрым хыхьэ Терскол къуажэм къахьащ. А Іуэхугъуэр КЪБР-м и Правительствэм и жэрдэмкІэ къызэрагъэпэщащ. Абы и дэІэпыкъуэгъуу щытащ УФ-м ЗыхъумэжыныгъэмкІэ и министерствэмрэ абы и Іэнатіэ щхьэхуэмрэ, УФ-м Іэщэкіэ зэщІэуэздэ къаруэхэм хэтхэм ядэлажьэ управленэр.**

ПОКЛОННАЯ гора щІыпІэм и деж щекІуэкІа зэхуэсыр къызэІуихащ Хэкур яхъумэу зауэм хэкІуэдахэм я фэеплъыр хъумэнымкІэ управленэм и Іэтащхьэ Миронов Игорь. Къэбэрдей-Балъкъэрым къыбгъэдэкІыу кхыззхэсахэм фІэхъус ярихащ ЩІалэгъуалэм я урысейпсо лъэпкъ зэгухьэныгъэм хэтхэр, жылагъуэ лэжьакІуэхэр, Къэбэрдей-Балъкъэрым и лІыкІуэу УФ-м и Президентым дежэпымыууэ щыІэм и къуэдзэ гыллыев Ахьмэт, Москва гарнизоным и ЩІыхь къэрэгъулым и ротэр, «Мир», «Звезда» телеканалхэр. Зэхуэсым кхыззрагъэпэщат Фэеплъымрэ щыгъуэмрэ я махуэм ирихьэлІэу, апхуэдэуи «Фэеплъ-2016» Іэхуэгъуэр Терскол къуажэм щызэхаублэм хуэзэу. Ар мэкъуауэгъуэм и 22-м кхызэІуахынущ икІи Ипщэ, Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щІыналъэхэм я лъыхъуакІуэ гупхэр зэхынущ.

Іуащхьэмахуэ лъапэ Хэку зауэшхуэм хэкІуэдахэм я фэеплъу щыІэм деж сыхьэт 11-м пэкІу щекІуэкІынущ, кьагъуэтыжа лІыхъужьхэм я хьэдэхэр зэрыщІалъхьэнымрэ теухуауэ. Мыпхуэдэ Іуэхур Эльбрус жылагъуэм мы гъэм еплІанэу щрагъэкІуэкІ.

«2013 гъэм, Кавказыр щхьэхуит кхызэращІыжрэ илъэс 70 щрикъум, УФ-м ЗыхъумэжыныгъэмкІэ и министерствэм унафэ ищІауэ щытащ Эльбрус жылэм деж «Фэеплъ» зэкупсэ Іуэдыжьынымрэ. Ар ЗыхъумэжыныгъэмкІэ и Миронов Игорь. Ар Іуэхугъуэм и 22-м кхызэІуахынущ икІи Ипщэ, Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щІыналъэхэм я лъыхъуакІуэ гупхэр зэхынущ.

Іуащхьэмахуэ лъапэ Хэку зауэшхуэм хэкІуэдахэм я фэеплъу щыІэм деж сыхьэт 11-м пэкІу щекІуэкІынущ, кьагъуэтыжа лІыхъужьхэм я хьэдэхэр зэрыщІалъхьэнымрэ теухуауэ. Мыпхуэдэ Іуэхур Эльбрус жылагъуэм мы гъэм еплІанэу щрагъэкІуэкІ.

Ирагъэжьа Іуэхум ипкъ иткІэ зауэр щекІуэкІа щыпІэхэм щылъыхъуэнущ, тхыдэ-архив лэжьыгъэхэр кьаІэтыжу 1942-1943 гъэхэм Іуащхьэмахуэ и Іэгъуэблагъэм щекІуэкІа зэхэуэхэр ягъэнэІуэну я мурадщ. 2013 гъэ лъандэрэ кьагъуэтыжащ икІи пщІэрэ щІыхьэ пылъу щІалъхьэжащ лІыхъужьхэм 121-рэ. Іуащхьэмахуэ лъапэ щхьэхуит кьащІыжу зауэм хэкІуэда зауэлІ 31-р мэкъуауэгъуэм и 22-м щІалъхьэнущ.

**БИДЕНКЭ Маринэ.**

## Сабий губзыгъэхэр республикэм щыкуэдщ

щІэт адрей лэжьакІуэхэми къабгъэдэкІыу фІыщІэ фхуэзощІ. Ди Іуэхуэ зэпымыууэ езыгъэфІакІуэр фэ фи лэжьэкІэрщ. Иджыпсту сэ шэч кІыытэмыхьэжу жысІэфынущ ди республикэр зэрыгушхуэн, зэфІэкІ зыбгъэдэлъ сабий губзыгъэхэр зэрыдиІэр. Абы и щыхэтщ урысыбзэмкІэ экзаменхэр зытахэм ящыщу 9-м дагъуэ лъэпкъ зэрыхуамыщІар, дэтхэнэми балли 100 зэрыхуагъэувар. Ди республикэ мыиным и дежкІэ ар бжыгъэшхуэщ. Ауэ дэ абдежи дыкъыщыуфІэну ди мурадкъым, дызыхуэкІуэ илъэсым ди зэфІэкІыр хуэдэ зыбжанэкІэ кхыззэрыгъэтыным дыхущІэкъунущ. Абы папщІэ зыхуэфащэ лэжьыгъэ псори ящрагъэкІуэкІынущ Зыуэ щыт къэрал экзаменыр ятыну кхызыпэщытхэм. Экзаменхэм кхыщагъэлъагъуэ зэфІэкІыпхуэхэр зы махуэ лэжьыгъэм кхыдэкІуэркъым», - жиІащ Емуз Нинэ.

Тхыдэмкіэ экзаменхэр кхызыІахар ар зытыну хуейщ. Апхуэдэ лъэІуэр ягъэува зэманым кхриубыдзу къаташ щколхэр кхззыухэм ящыщу цІыху 1736-м. Тхыдэмкіэ экзаменхэр кхыщІыІахыну щІыпІэу 11 яубзыхуащ.

Апхуэдэ дыдэу щытащ информатикэмкІэ, информацэ-коммуникацэ технологиехэмкІэ экзаменхэри. Ар ятыну зезыгъэтхар зэрыхъур цІыхуи 100-ти, экзаменхэр кхыІахыни папщІэ 1 пункт ягъэхъызраУэ арац.

Дауэ хъуми, мы экзаменхэри ныкъусаныгъэншэу щытакъым: нэхъ ящІэ зекІуэ хабзэхэр школакІуэхэми адэ-анэхэми гурагъэІуа пэтми, телефонхэр кьагъэсэбэпыну, нэгъуэщІ кьемыззэгъ хэкІыпІэхэр щІэгъэкІуэн кьащІыну зэрыхэтэм папщІэ цІыхуи 4 зэрыкъэзгъэ ирамыгъэту кхыщІагъэкІыжащ.

Мы экзаменхэм кьарикІуэ-хэр мэкъуауэгъуэм и 29-м фІэмыкІыну хэІуцІыну ящІын хуейщ. Нэхъыбэ дыдэу тхыдэмкІэ экзаменхэр зытхэм балл 32-рэ, информатикэмкІэ, информацэ-коммуникацэ технологиехэмкІэ балл 40 ягъэувыну арац.

**МЫЗ Залинэ.**

● ДифІ догъэтъапІэ

## Мыкъуэжь Анатолэ и ныбжьыр нобэ илъэс 60 ирокъу



**Усакіуэ Мыкъуэжь Анатолэ Хьэбалэ и къуэр Советскэ (иджы Шэрэдж) районым хыхьэ Аушыджэр къуажэм 1956 гъэм мэкъуауэгъуэм и 21-м къыщалъхуащ. 1973 гъэм къуажэ школыр, 1978 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и филологие факультетыр кьиучащ. 1979-1995 гъэхэм «Адыгэ псалъэ» газетым корреспонденту. 1995-2013 гъэхэм «Эльбрус» тхылъ тедзапІэм художественнэ литературэмкІэ и редактору, адыгэ литературэмкІэ редакцэм и унафэщІу щылэжьащ. Мы зэманым «Іуащхьэмахуэ» журналым и редактор нэхъыщхьэщ.**

МЫКЪУЭЖЬЫМ и Іэдакъэ хъыщІэкІащ адыгэ литературэм хэлъхьэныгъэ нэс хуэхъуэ тхыгъэ купщІафІэ куэд. 1985 гъэм дунейм кхытехьащ «Жьэгу пащхьэ» зысфища и апэ тхылъыр. Абы кхыкІэлъыкІуащ «Кьалэ жьжьбэ», «Дунеижь», «Адэжь щІэин», «Маринэ», «Лъэхъэнэ», «Къэрэгъул бжьыс» тхылъхэр. Иджыблагъэ «Эльбрус» тхылъ тедзапІэм зы том хьууэ кхыщыдэкІащ Анатолэ и усэ нэхъыфІхэр щызэхуэхьэса «Си лІэщІыгъуэр» тхылъыр.

Мыкъуэжьыр 1987 гъэм щыщІэдзауэ Урысейм и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм хэтщ. Абы кхыхуагъэфэщащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Щыхь тхылъыр, Урысейм и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и дипломыр.

Мыкъуэжь Анатолэ и усыгъэм тетхьхащ ди республикэм и тхакІуэ, критик цІэрыІуэхэу Тхьэгъэзит Зубер, КъаГъырмэс Борис, Бещтокъуэ Хьэбас, Іутіыж Борис, Къармокъуэ Хьэмид, Кьэжэр Хьэмид, Гъут Іэдэм сымэ. Псори зэхэту усакІуэм и гъащІэмрэ и гуащІэмрэ теухуауэ тхыгъэ 50-м нэблагъэ дунейм кхытехьащ. Абыхэм кхызэрыкъэбелджылыкІащи, «ди лъэхъэнэм и фІи и Іеи Іупщ Іу кхызэрыщ гъуджэщ» Мыкъуэжьым и Іэдакъэщ Іэкіэхэр.

*(Мыкъуэжь Анатолэ теухуа тхыгъэхэм 2 - 3-нэ напэхэм фыкъыщеджэ).*

## Налшыкдэсхэм ящІэн папщІэ

ЦІыхухэм я гъащІэм, узыншагъэм, мылъкум теухуауэ шынагъуэ зэрыщымыІэжьым кхыхэкІыну, Урысей ФСБ-м и Управленэу КЪБР-м щыІэм и унафэщІ, КЪБР-м щыІэ Оперативнэ штабым и тхьэмадэ генерал-майор Усов Олег унафэ ищІащ 2016 гъэм мэкъуауэгъуэм и 18-м сыхьэти 7-м Налшык къалэ щІэпхъаджащІэр къаубыдыным теухуауэ щекІуэкІа Іуэхур зэрауам ехьэлІауэ.

2006 гъэм гъатхэпэм и 6-м къащта «Терроризм пэщІэтыным и Іуэхукіэ» Федеральнэ закон №35-ФЗ-м ипкъ иткІэ, Урысей ФСБ-м и управленэу КЪБР-м щыІэм и тхьэмадэм и унафэкІэ Налшык къалэм и щІыналъэм щекІуэкІа КТО-р 2016 гъэм мэкъуауэгъуэм 18-м сыхьэти 10-м яухащ, щыІуэхэм я хуитыныгъэр пІалъэкІэ зыгъэмащІэ унафэм къару иІэжькъым.

***КЪБР-м щыІэ Оперативнэ штаб.***

## Рим унафэ щызыщІынур цІыхубзщ

**Италием вэсэмахуэ щекІуэкІащ я къалащхьэ Рим и Іэтащхьэр хэхыным теухуа Іэлэтхэм я етІуанэ Іыхьэр. Апхуэдэ хъымыхъуауэ, а къулыкъур хуагъэфэщащ цІыхубзым.**

Оппозицэ партым и лІыкІуэ Раджи Вирджиние и телъхьэу къыщІэкІащ Іэ зыІэтахэм я процент 67-м щигъур. Абы и ныкъуэкъугъуэу щыта Джакетти Робертэ зи дзыхь езыгъэзар хэхакІуэхэм я процент 32-рщ.

Хэхыныгъэхэр щекІуэкІащ Италием и къалэшхуэу 126-м, щыналъэ, областной центру 20-м.

### Х лІэщІыгъуэм зэрахьа Іэпщэхъуэхэр

**Копенгаген и лъэпкъ щэнхабзэ-тхыдэ музейм зэбгригъэха хъыбарым къызэрыхэщыкІэ, археологием дихьэх щІалищым Ютландием къыщагъэтащ хуэгъэзэфІыгъуэ тельыджэхэр. Ахэр викингхэм я зэманым зэрахьэу щыта Іэпщэхъуэхэрщ - хыр дыщэм, блыр дыжьыным къыхэщІыкІауэ.**

Псори зэхэту абыхэм я хьэлъэгъыр грамм 900 мэхъу. Іэщ Іагъэлъхэм къызэрагъэпэщащ. Ахэр 16 хъурт, Франджым щащІа «Рено» автомобиль лІэужьыгъуэм щыщт.

**♦1974 гъэм** Волгоград къэрал университетыр къызэрагъэпэщащ.

**♦**Театрымрэ киномрэ я акТёр, РСФСР-м и цІыхубз артист **Золотухин Валерий** къызэралъхурэ илъэс 75-рэ ирокъу.

**♦**Экономикэ щІэныгъэхэм я доктор, АКЪУ-м и профессор, РАЕН-м и член-корреспондент **Къуий Іэмырбий** и ныбжьыр илъэс 60 ирокъу.

**♦**Усакіуэ, публицист, «Іуащхьэмахуэ» журналым и редактор нэхъыщхьэ **Мыкъуэжь Анатолий** и ныбжьыр илъэс 60 ирокъу.

**♦**Урысей политик, къэрал лэжьакІуэ, 2010 гъэм къыщыщІэдзауэ Москва къалэм и Іэтащхьэ **Собянин Сергей** и ныбжьыр илъэс 58-рэ ирокъу.

**♦**Уэрэджыкіакіуэ цІэрыІуэу, «Кино» рок-группым и унафэщІу щыта, фильм зыбжанэм щыджэгуа **Цой Виктор** къызэралъхурэ илъэс 54-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкІэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты кІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщыІнущ, пІалъэ-пІалъэкІэрэ уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 26 - 28-рэ, жэщым градус 17 - 20 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

**КъыдэкІыжа къыпщодыхьэшхыж.**

**♦Гидрографием и дунейпсо махуэщ**

**♦УФ-м и МВД-м и кинологхэм я махуэщ**

**♦Франджым щагъэлъапІэ макъамэм и махуэр**

**♦**Гъатхэ-губгъуэ лэжьыгъэхэр зэраухам и щыхькІэ илъэс кьэс къызэрагъэпэщ, сабантуй зыфІаща махуэшхуэр Тэтэрстаным щагъэлъапІэ

**♦1907 гъэм** США-м я кхыщІэзэрагъэпэщащ «Юнайтед Пресс Интернэшнл» хъыбарегъэщІэ агентствэр.

**♦1915 гъэм** Кунцевэ къуажэ щыкІым (иджы Москва хохьэ) Малевич Казимир щитхащ дуней псом щафІэтелъыджкэ хъуа и «ЭпэплІимэ фІыцІэ» сурэтыр.

**♦1925 гъэм** Москва и уэрамхэм апэ таксихэр кхыдыхьащ. Ахэр 16 хъурт, Франджым щащІа «Рено» автомобиль лІэужьыгъуэм щыщт.

**♦1974 гъэм** Волгоград къэрал университетыр къызэрагъэпэщащ.

**♦**Театрымрэ киномрэ я акТёр, РСФСР-м и цІыхубз артист **Золотухин Валерий** къызэралъхурэ илъэс 75-рэ ирокъу.

**♦**Экономикэ щІэныгъэхэм я доктор, АКЪУ-м и профессор, РАЕН-м и член-корреспондент **Къуий Іэмырбий** и ныбжьыр илъэс 60 ирокъу.

**♦**Усакіуэ, публицист, «Іуащхьэмахуэ» журналым и редактор нэхъыщхьэ **Мыкъуэжь Анатолий** и ныбжьыр илъэс 60 ирокъу.

**♦**Урысей политик, къэрал лэжьакІуэ, 2010 гъэм къыщыщІэдзауэ Москва къалэм и Іэтащхьэ **Собянин Сергей** и ныбжьыр илъэс 58-рэ ирокъу.

**♦**Уэрэджыкіакіуэ цІэрыІуэу, «Кино» рок-группым и унафэщІу щыта, фильм зыбжанэм щыджэгуа **Цой Виктор** къызэралъхурэ илъэс 54-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкІэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты кІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщыІнущ, пІалъэ-пІалъэкІэрэ уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 26 - 28-рэ, жэщым градус 17 - 20 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

**Лъэпкъ Іущыгъэ:**

**Узыщыдыхьэшх къыпщодыхьэшхыж.**

# И лъэпкъым папщIэ зы щай и уасэ Зымлэжьахэм захузогъазэ:

## Стемыту дамэ щхьэ сыкъэбгъэщIа?

**Иужьрей илъэс тIощIым ди къэралым къыщекIуэкIам, къыщыхъуам сыщегупсыскIэ, сигу къихьэжу зы уасэфI гуэр хэтщ ди нобэрей усыгъэм. «Ди къхъуныр» - аращ усэм фIэщыгъэцIэ хуищIар ар зи Iэдакъэщ!экI Мыкъуэжь Анатолэ.**

ГорбачёВ и перестройкэмрэ Ельцин и революцэмрэ цIыхубэр «зэрагъэуна насыпым» мыгъуагъэу хэлъымрэ тKIыбжьку щIэлъымрэ мы усэм нэхърэ нэхъыфIу къэзыIуатэ тхыгъэ (ди литературэм хэту) сэ сыщыгъуазэкъым. Мис абы щыщ пычыгъуэ:

**Толъкъунхэр зэрыхуейуэ ирикъухьу,**
**ЕзыхьэкIыну зи гугъа ди кхъухьыр,**
**Иджы тенджызым къызыхидзыжауэ,**
**И Iуфэм Iулъкъэ зэтещхэжкъауэ...**

**Дапщэщ ди дыгъэр пшэхэм къыкъуэкIыжу,**
**А псыхъэлъахуэр щигъэгъущыжынур?**
**А псыхъэлъахуэм кхъухь къыхэтщIыкIыжу**
**Тенджызым тетхэм дащыщIыхьэжынур?!**

«Гражданственность - талант не лёгкий», - жиIэгъащ урыс усакIуэ гуэрым. А «гражданственностыр» - цIыхубэм, къэралым я Iэзху зытетым уи гур хуэмыгъуэу, ар уи творчествми къыпкырыщу усэ птхыныр - икъукIэ гугъущ. Абы щыгъуэми политикэмкIэ, риторикэ жыхуаIэмкIэ уримыхьэкIыу.

Мы къэсхьа усэр зы метафорэшхуэ къуэпсыбэу зэрыльагъщи, абы хэткIыхьауэ (къыхэмыщу) тхыди, экономики, уеблэмэ социологие гуэри хэлъщ. Нэхъ кIэщIу жыпIэмэ, совет империер зэрызэхэщIащмрэ абы и къэпсэр зи Iуфэм дэхуауэ ноби зыкъэзымыIэтыжьыф цIыхубэмрэ ятеухуа ми усэ кIэщIыр и псэмкIи, и къуэпсэмкIи зыщыщыр «лирикэ» жыхуаIэжыр аращ. Абыкъ фIыщIэр зейри сатырхэм яхэлъ гууз-лыуэлымрэ едзыгъуэхэм я шэрыуагъэмрэщ.

Властымрэ политикэмрэ ялэIэщIэ, ахэр зытещIэ цIыхубэм я гъащIэр сыт хуэдэ? А упщIэр и щхьэм ихIыркъым усакIуэм, и псэм бэлыхь тригъэпщ, жыгIэми дыщцыэунукъым.

**Е-щхьэзыфIэфIыр зи жьантIэдэсу,**
**Уей, дунеижь!**
**ЦIыхугъэ нэсыр зи бжэкъуагъкъуэту,**
**Уей, дунеижь!**

<...>

**НэмыкIыгатагъэр зи жьэгу щыпэкIуу,**
**Уей, дунеижь!**

<...>

**Бохьшэ домбейхэм къадеуджэкIыу,**
**Уей, дунеижь!**

<...>

**Шатащхьэ IувкIэ щыкIар зыгъашхэу,**
**Уей, дунеижь!**
**Бэр зи кIэкъинэм хэзыгъэшхыкIыу,**
**Уей, дунеижь!**

УсакIуэм мыпхуэдэ сатырхэр зыхуигъэпсын щапхъэхэр гъунэжу хэтакъэ иужьрей илъэс 15-20-м етхьэкIа гъащIэм? TIэкIу куэдыIуэу хэтащ, ди жагъуэ зэрыхъущи.

**Сыхуейт сэ зэхэслъхьэну Iэджэ щIауэ**
**ГуфIэгъуэм теухуауэ уэрэд нэс.**
**АрщхьэкIэ гъуэгу къызитыркъым**
**цIыху гуауэм,**
**Зыплъыхьыт - дэнэкIи щыщIагъэкIыр нэпс.**

**ЩIегъэкIыр нэпс, зи бын зыхуэмыплIыжу**
**Уэрамым лэжьапIэншэу къыдэнам.**
**ЩIегъэкIыр нэпс, лъакъуитI**
**зыпымыпхыжу**
**ЩIолъэIуу сом, гъуэгущхьэIум къытенам.**

<...>

**Нэщхъейщ сабийр, щхьэщIэгупсысщ**
**балигъыр, -**
**Тхьэ закъуэрщ псоми плъапIэу къытхуэнар.**
**Пшэ Iувым къыпхьисыжыркъым**
**ди дыгъэр -**
**Гъуазэншэ къабзэу дыкъыззэхэнащ...**

Мыкъуэжьым и тхыгъэхэм къыщегъэ, критик цIэрыIуэ В. Г. Белинскэми зэрыжиIаеу, «зэгупсысипхъэ икIи жэуап зэтыпхъэ» Iуэхугъуэ куэд. ИщхьэкIэ къэтхьа усэр абы и зы щапхъэщ.

ЦIыхубэм, лей зытехьэм, дэкъузам къыщыжыныр адыгэ усыгъэм къыдэгъуэгурыкIуэ хабзэщ. Апхуэдэ къыщыжакIуэ, гущIэгъуныу къаленыр зыIэт усэхэр я мащIэкIым Агънокъуэ Лаши, ПащIэ Бэчмырзи, Щоджэнщ!ыкIу Алии.

Нобэрей ди литературэм а хабзэр Мыкъуэжь Анатолэ хуэдэу щызыIукъуэдиф къэгъуэтыгъуафIэкъым. Къалэн мытынш и пщэ къызэрыдэхуар къыгуроIуэж есы усакIуэми:

**Згъэбзэнущ усэр маисэу, -**
**Сраучэлщ сэ цIыху хейм.**

Залымыгъэу дунейм щызекIуэр, хьэгъэщагъэу хьэкIэпычэм зэрахьэр Къыштщэщыгым сыт щидэр? УсакIуэр и гуныкъуэгъуэм апхуэдэ упщIэхэм ирегъэвалIэ.

**Алыхь лъапIэ, мэхъу си фIэщ щэчыншэу -**
**ЩIыр дахагъэщ къызыхуэбгъэщIар.**
**УзэплъэкIыу укъеплъэкIыжыхукIэ,**
**ЕплъIиблис мыбы щызэIищIам.**

* * *

**Алыхь лъапIэ, цIыху къызэрыбгъэщIрэ,**
**ЩIым зы илъэс минкъым щекIуэкIар.**
**ЩIилэр сыт-тIэ нобэ къэс дагъуищэ? -**
**ЩIагъуэ хъункъым къызыхэпщIыкIар.**

Мыпхуэдэ усэхэр утыку къыплъхьэн щхьэкIэ, ахэр куэдрэ уи гум щыжьауэ, уи «акъылым лIыгъэ хэлъу» щытын хуейщ.

**Дунеижьу фIыр зыхуэдилъапIэр**
**МэкIэрахъуэ пхэнжу - къэплъэнэфщ.**
**ЩIхьэщыхуат куэд щIауэ ар щыхупIэм,**
**Зи псэр нэхуэхэм хуамыщIам гулъэф.**

«МэкIэрахъуэ пхэнжу» жыхуиIэм, ухуэмыхьэзырмэ, укъигъуэIэбжьыныкIэ хъунущ. АтIэми, дигу къэдагъэгъэкIыжьыт дызыщыгъуазэ тхыдэм къуриубыдэу щыгум зауэу мини 5-м щIигъу зэрыщекIуэкIар, абыхэм ящыщу япэ, етIуанэ дунейпсо зауэхэр, ди лъэпкым къулейсызыгъэшхуэ къыхуэзыхьа Урыс-Кавказ зауэжьыр.

«Поэзие» жыхуэтIэм, псом нэхърэ нэхъ щабэу икIи нэхъ дахэу къалъытэм, хуумыгъэфащэну зы хьэл тKIий хэлъщ: узэрепцIыжу - укъыщIегъэщ, убэлэрыгъэщ, уи напэр трихынщ. НэгъэщIу жысIэнщи, усыгъэм япэ ибгъэщар (усакIуэмэ) уи творчествм Iэ щыIэжкIэ къыхоIобэ - ар ирекъулыкъу, ирефадэ е мылъку зыхуэпсэфэсыныр араущ ары.

ИщхьэкIи къызэрыщыхэзгъэщащи, Анатолэ поэзием хуэпэжу, и псэмрэ и гупсысэмрэ хуитыжу дунейм тет цIыхущ. ИкIи, шэч зыхэмылъыжращи, абыхэм уахэщIантхъэуу, уаэхэпщэфIыхьу къыпхуидэнукъым.

НэгъэщIу хэтыкIэкIи нобэрей дунейм талант щыпхуэхъумэнукъым. А нобэрей дунейкIэ дызэджэн и хьэуар Мыкъуэжьым хуэдэу кууэ езышэхыфауэ ди литературэм хэтри закъуэтIакъуэщ. Ар тIэкIу кууIуэу ирищэхыу усакIуэм и псэм къытемыхьэлъауэ пIэрэ жозыгъэIэ едзыгъуэхэри и мащIэкъым Анатолэ.

Гурыхь дыдэу щымыт а «хьэуам» имыгъэунэнсащи! Уи насыпщ, къолыжу цIыхугъэ, адыгагъэ, нэмыс, гупытIэ пхэпльщи! Уи насыпщ, дыгъасэ узэхъуапсэу, зи лъэрыгъыпсыр бубыду щыта усакIуэ нэхъ пажэхэм нобэ уэри ухабжэ хъуащи! Уи насыпщ, уи тхыгъэхэр дэтхэнэ зы утыкуми щыбгъэIу хъунущи!..

ЦIыIэщ зы усэ е пьесэ закъуэ фIэкIа имытхауэ дуней псом щIэрыIуэ щыхъуа. «Дунеижь» зыфIэпща усэ закъуэм фIэкIа умытхауэ щытами, уэ фIыщIэшхуэ пхуэфащэт.

Зэман быркъуэшыркъуэм зэщиуда уи хэкуэгъуэхэм я упщIэ куэдым жэуап ептыфащи, икъукIэ гуапэщ. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, адыгэ усыгъэ дызэрыпагэр мывэ сэрэйм даубыда нэхъей, нэм къыфIэнэн сокIуэ зэрыхъэмыхьэжьым гуныкъуэгъуэ къыдитырт. А гуныкъуэгъуэр уэ тщхьэщыпхащ, гугъэ дахэ къыдэптыжащи, абрэфыр!

Илъэс зыбжанэ ипэкIэ уэ пхужьысIа си псалъэхэмкIэ сухыну сыхуейт си тхыгъэ кIэщIыр:

**Узыщытхъужу куэдрэ**
**Ину умыкIийми,**
**Уи тхыбзэм егъэзагъэ**
**ГущIэлъапсэр...**
**Залымыгъэм ди гур**
**Щигъэгуэ къэхъуми,**
**Хубогъэпсыжьыр**
**Лъагъуныгъэм ди псэр!**

**МЫСОСТЫШХУЭ Пщыэзбий**, *Урысей Федерацэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ щIыхь зиIэ я артист. 2006 гъэ*

И адэ Мыкъуэжь Хьэбалэ

И анэ Бицу КIуэ

И шыпхъу Людмилэ

## УздынэсамкIэ укъэувыIэну уэ къомыкIуххэ

**«УсакIуэр жыпхъэ гуэрым пхуигъэувэнукъым, ар псэ къудейкIэщ зэрыпсэур», - ыкIи къыджеIэ Мыкъуэжь Анатолэ. Ар пэжщ. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, а къэхъугъэм «тхъэ Iэмыр», щхэу хэлъщ. Арагъэнщ цIыху цIыкIум щIыхуэзэфIэмыкIыр «псэ лъахэм» и къэухьыр къыззэрапщ пщалъэ къигупсысын. ИтIани, къалэмыр зи гъащIэ гъусэхэм я хьэтIыр зыр адрейм кърыхагъэщхьэхукIын щхьэкIэ, Iэщ!агъэлIэжм къагъэсэбэпын хуей мэхъу бзэ, литературэ щIэныгъэхэм я хабзэхэр, поэтикэм и Iэмалхэр. Ауэ ахэри щыхьэт зытехъуэфыр усакIуэм и Iэзагъырщ, и гупсысэм и кууагъыщ. Абы и псэм и пащIагъри, и къабзагъри щIэныгъэр зыпэмылъэщ къэгъэщIныгъэ телъыджэщ. ИкIи «бегъымбарым ехьэехуэу мы дунейм къытехьа» езы усакIуэрщ и пщэрылъыр зыубзыхужьыфыр - Мыкъуэжьым «езыр зыс мафIэм цIыхухэр игъэхуабэм, ибжьнущ къехьулIауэ и хъуэпсапIэр».

МИС а и хъуэпсапIэмкIэщ Анатолэ адрей усакIуэхэм къаззрыщхьэщыкIыр. «УсакIуэ мыромантик щыIэ!» - жиIэу, къуэIобжьыни щыIэнкIэ хъунщ, ауэ сэ Анатолэ зэрыстудент лъандэрэ социцIыхуи, и хьэл-щэнкIи, и дуней тетыкIэкIи ар романтикыу щытауэ къыхэуэщIэжыркъым. ФIэщщыгъуейщ дуней хьэлэмэтыщэ къэзыгъэщI усакIуэр къыззрыгъэкI цIыхуу щытыну, ауэ апхуэдэщ Мыкъуэжьыр. И гур унагъуэм, къыдалъхуахэм, ныбжьэгъуэм, лэжьэгъуэм, лъэпкъ псом я «щыблэIуш», и псэр я мэIухуущ абы и гъащIэр зэрырихьэкIыр. И художественэ дунейм щытепщэри араущ. А дунейм ущыхуэзэнукъым псоцI тафэтелэхэм, егъэлеиныгъэ фэрыщIхэм. УсакIуэм и псалъэр «цIыху хейм хуохъу уэчыI», «лъэпкъ мащIэм къэрэгъул бжьыхь».

Мыкъуэжьым и лирическэ лIыхъужьыр цIыхупсэм и хъумакIуэщ. «ЦIыху мелуанхэм я гуауэр игъэвыну къыхуиухащи», мы дунеижьым щызекIуэ мыхъумыщIагъэ псоми шапэIудз захуищIыну, «ем езэуэну» жьэзыщ. Ауэ «лIэщIыгъуэ минхэм я хьэлъэм» усакIуэр егъэхьащIэ, цIыху цIыкIур бэкIэ ящщагъэгутъэуэр щагъэжакъуэ дунеймкIи арэзыкъым: ар «екIакIуэу къыфIощI», тебгэжауэ и дыгъуасэм. Арагъэнщ усакIуэм и художественэ лъахэм куэдрэ ущIыщрихьэлIэр «нэкIу фэрыщIхэм, цIыху мыгъасэхэм», «къэнжал зи напэм тебзахэм», «Имани дини зимыIэхэм» я образхэм. Апхуэдэхэм и лъэпкъэгъу, и хэкуэгъу минхэр ярыщихьымэну усакIуэм иIэр и «усэ-маисэращи», ар мыубзэщхъуу хуегъабзэ а къалэным.

УсакIуэм дежкIэ лъэхъэнэ тынш щыIэн хуэмейуэ зыхуаIэм пэж гуэри хэлъу къыщIэкынщ, ауэ ар сэ си фIэщ къуржьым. Зыужьынигъэщхуэ зыгъуэта лъэпкъхэм я тхыдэм уриплъэжкмэ, абыхэм я щэнхабзэм, я литературэм и «дыщэ лъэхъэнэу» ялъытхэм къаохэгъуэтэгъуейщ зыхуей имыгъуэту псэуа тхакIуэ-усакIуэ. МыкъуэжьымкIэ Анатолэ усэн щрихъэжьа махуэхэм къыщIэдзауэ зэи тынш ауэ сэ къыскхуэщIыжыркъым. Араущ абы жезыгъэIэр:

**Си лъэхъэнэр**
**мыпхъэнэ гуапэт:**
**Мывэ пэт и нэпс**
**къригъэкIащ...**

ЕджапIэ нэхъыщхьэр къыщыдухам - 70 гъэхэм я кIэухэм - дуней мыльку дэ дбгъэдэлъар щIалэгъуэ ныбжьымрэ хъуэпсапIэ лъагэхэмрэт. УсэбзэкIэ жыпIэмэ, «литературэ дунейм» дыкъыхэбэкъукIри, «гъащIэ реализм» тKIий дыкъыхьихьат, «социалистическэ-ри» зыщIыгъужьым:

**Есыхт адрейхэр,**
**дыдэсейрт ди закъуэ,**
**Ерыщу толъкъуныдзэм**
**деIэпщакIуэу.**

Ауэ а дунейми хабзэ гуэрхэр щызекIуэрт, и фIыгъэ гуэрхэри зыгуэрхэм екIырт, дэ къытпльымыс щхьэкIэ. Зыгуэр жьтIэну дыщыхуежьэкIэ, занщIэу къытIурагуэжырт: «Фэ иджыри фыщIалэщ, фи чэзыри къэсынщ», - жаIэрти. «Ди чэзыри» къэмысуэр, социализмэм и дагъэри къытемыткIуэрэ дунейр къуэкIыжьыбейри, къэралри жылагъуэ зэхэтыкIэри къутэжащ. Абы лъандэрэ - 80 гъэхэм икухэм къыщыщIэдзауэ нобэр къызэдэсым - реформэхэмрэ контрреформэхэмрэ дыхэмыкIыу допсэу. Допсэу, ди псэр дзапэкIэ тIыгъыу. Езы усакIуэм зэритхащи, илъэс миниищым дыхэбэкъуами, «гъыбзэр нэхъыбэу илъщ ди хъуржьным».

Ди лъэхъэнэр «ем щымысхьами», «фIыр къыпIэтIуами», сыт хуэдизу цIыхупсэр «илъэхъэну» хэмытами, усакIуэр «фIыр и плъапIэу къэнэжащ». КIэщI дыдэу зи гугъу тщIа сочыгъэ усэгъэм укъыфIэкIмэ, Мыкъуэжьым и художественэ дунейм увыпIэ щхьэхуэ щыгъуэ щыгъуэ «фIым къигъэщIа» лирикэм, «дунеижьым фIыкIэ ущыгъэгъуэгъ» лъагэныгъэм. Ауэ усакIуэ куэдым къащхьэщыкIыу, Мыкъуэжьым и лирикэ лIыхъужьыр «гуфIэгъуэ тIуащI», насып щащI» лъэхъуэрэкъым, «мыхьыж гъащIэкIи къыхуэупсэну лъапIэрэкъым». Ар гъащIэм Iущ ищIа цIыхущ, зэманым и кIуэкIэми фIыуэ щыгъуэзэщ. ФIым щагъэгугъуэрэ, ауэ къалъмысурэ гугъэ защIэкIэ ягъэпсэущ ди адэжьхэри, ди адэжьри. Дэри аращ ди натIэ хъуар. Араущ пщэдейрей махуэм «щыхуэгъэтIыгъуэ тыгъэм» ежьэн усакIуэм щIимыдэр:

**Пщэдейрей ныбгъуэм**
**сыщумыгъэгугъыу,**
**Къызэт гуфIэгъуэ**
**нобэ... иджыпсту!**

Дэ дызэреплъымкIэ, нобэрей махуэм къалъигъэсыну гуфIэгъуэрщ ди щIалэгъуалэри нэхъ зыщIэхъупсыр. Мыкъуэжьми ар къыгуроIуэ, абы и лирикэ лIыхъужьми ныбжьыщIэ ныбжьым щита илъэсхэм игъэунэхуакIэщ «гъащIэм а и хабзэ пэнжжэр»:

**Къысхубохь гуфIэгъуи,**
**IэфI къыщысIурыхъуэм,**
**СIэщIохьжьыр, гъащIэ,**
**Щхьэ укъызэдзжэгурэ?.**

Иджы дызыхэпсэукI дунейр нэгъуэщIщ, зэманри нэхъ псынщIэу йокIэрэхъуэкI, щIэблэм афIэфIхэми, я хъуэпсапIэхэми захъуэжащ. Ауэ сыт хуэдэ лъэхъэнэми зыдимыхъужму щыIэр гурыщIэрщ. Абы лъэIэсыфа, а гурыщIэ телъыджэр щIалэгъуалэм зыхьзыгъэщIафэ усакIуэрщ ипэжьыпIэкIэ усакIуэ нэсыр. Мыкъуэжьым ар кхъухьлIащ. Апхуэдэу жыдзэгъэIэр мыращ. Илъэс зыбжанэ хъуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и къудамэр къэзыухъэм къэрал экзамен къыззыIах билетым ит упщIэхэм иджыри зы дыщIагъуэ адыгэ усакIуэ гуэрым и усэ е прозаикым и тхыгъэм щыщ пычыгъуэ къеджэну. Мыр кхъыззэхыр студентхэрщ, къыхахри, зэрыгурыIуэгъэущи, езыхэр нэхъ зыгъэпIейтей, я псэм нэхъ ехуэбылIэ тхыгъэхэрщ.

Апхуэдэхэм деж студентхэр нэхъыбэрэ зи усэ къеджэр а усакIуэрщ. Мыкъуэжьым и социальнэ, лъагэныгъэ лирикэм теухуа диплом лэжьыгъэхэри ятх.

ИпэжьыпIэкIэ уэрэд нэс, лъэпкъ пшыналъэ дахэ хъуащ Мыкъуэжьым и усыгъэр. Ди гугъэщ а пшыналъэм дяпэкIи зишэщIыну. ГуIэфIтещIэжкIэ «мы дуненижьыр кхъуэхуэпсэжыну» усакIуэр щогугъри, дэри абыкIэ дыхуохьахъуэ.

**ТIЫМЫЖЬ Хьэмыщ,** *филологие щIэныгъэхэм я доктор.*


Анатолэ, абы и щхьэгъусэ Маринэ, япхъу Ланэ цIыкIу, и къуэш Арсен сымэ. *1989 гъэ*

## УсакIуэпсэ

**Мыкъуэжь Анатолэ и усэ тхыльыр гурыгъуазэу къызэгуэпхыщи, мыпхуэдэ сатырхэм уи нэр хуэзэщ:**

**Сыхуейт сэ Iэджэ**
**щIауэ зэхэслъхьэну**
**ГуфIэгъуэм теухуауэ**
**уэрэд нэс.**
**Захуагъэр сэ**
**абы щызгъэлъэпIэнут,**
**Къедалъуэм къыфIыщIэкIыу**
**гуфIэ нэпс.**
**TIутыхукIэ псэ - а зырщ**
**дэ къытхуэнэжыр -**
**НэхъыфIым**
**хэтхыжьнкъым ди мурад.**
**«Узэджэр кхокIуэ»,**
**- жиIэгъащ псалъэжьым,**
**ГуфIэгъуэм хуэзгъэпсынщ**
**сэ зы уэрэд.**

Псалъэхэм я щыпхъагъэм, макъ зэпэджэж дахэм, гупсысэ хьэлэмэтым уи гур къызэрагъэгъуэтыкри, уи пкъым гуащIэ къыщIохьэжри, уафэр зэрыкъащхъуэр уолъагъуэ. Адыгэбзэм и IэфIыр хуэмурэ къыппкърохьэж. УзэщIэзыуIлаУэ щыта мыгъуагъэхэр токIуэт, гуауэм зи плIэр иухуахэми зы нэплъэжьыгъуэ ягъуэтыж, лей зытехьам къыщыщIэхэр щымыгъупщэжми, гугъэр гуауэм трегъакIуэ. КIэщIу жыпIэмэ, мы усэм хуэдэхэрщ цIыху къызэрыгъэкIым лIыгъэ къыхэзылъхьэр, къыщIыхилъхьэри зыщ: гугъуехьым къыхэмыкIа гухэхъуэм пщIэ иIэкъым, гуауэ зымыщIэм гуфIэгъуэм и пщIэри зыхищIэркъым. Мыпхуэдэ усэ зэрымыщIэкIэ Iэщ!этхъхьынукъым зи дунейр гъащIэ хъыринэм ещIэу зыгъакIуэм. Абы игъэунэхуауэ щытын хуейщ мис мыпхуэдэ псалъэхэр гум къизыш хьэзаб:

**ЩIым гуфIэгъуэм**
**Лъэсу къыщекIуэхьыр -**
**ПIащIэу ди бжэр**
**Абы къыIуимых.**
**Гуауэр щхьэкIуэ шущ**
**Сэ нэхъ зэзгъэщхьыр -**
**Дымыщ!эххэу**
**Ди жьэгу къыщопсых...**
**... Шым мэшэсри**
**Мэбзэхьыж гуфIэгъуэр,**
**Гуауэр лъэсу**
**Ди пщIантIэм докIыж.**

Сыт и мыIэзагъми, мыпхуэдэ псалъэхэр бзэр джэгуалъэ зыщIым хужьIэнукъым, ахэр зигу къэкIынур гъащIэм и удынри зыпIыса, и IэфIри псэкIэ зыхэзыщIэращ. Апхуэдэм и псалъэхэри, а псалъэхэм я зэхэлъыкIэри, гум нахьэ гупсысэкэри езы гъащIэм къыхэкI. Аращ Мыкъуэжьым и усыгъэм и тегъэщIапIэ нэхъыщхьэр.

Iэзагъэшхуэ зыхэмылъми щыхуэус щыIащ зы уэрэд закъуэ. Ауэ а зым деж и псынащхьэр щыгъужмэ, уэрэд иусами, ар усакIуэкъым. Мыкъуэжь Анатолэ и псэр езыр-уэсакIуэщи, сытым хуэмыусами, и зэчийр къеГэзнаIуэ. ИтIанэми, усэным зы щэху гуэр хэлъщ, езы усакIуэми нэсу къыгурымыIэжу, ауэ Тхъэ лъапIэм абы щэхуу къыхилъхьауэ. Армыратэмэ, цIыху къызэрыгуэкIым дэнэ кърихынт мыпхуэдэ псалъэхэр:

**Жей, си IэфI, си фIыгъуэ,**
**Жей, си гурыфIыгъуэ,**
**Си къудамэ цIыкIуу**
**Къыдэжа!**
**Жей, си нэху, си дыгъэ,**
**Жей, си насып щыгъэ,**
**Си удэ гъэгъа цIыкIуу**
**Къыхэжа!**

**ГЪУТ Iэдэм,** *филологие щIэныгъэхэм я доктор.*

## Уи насыпщ

**Анатолэ, уи тхыгъэхэр ди унагъуэ Iэнэгум зэи текIыркъым, деджащ жьытIэуи IудгъэкIуэтыжыркъым.**

«ДУНЕИЖЬ» зыфIэпща уи тхылъ тыгъэ къыхуэупщIам сэ мызэ-мытIэу седжащ, и напэкIуэцI зыбжанэм я кIапэхэри щIэзэупщащ. «Си насыпт...» - аращ а тхылъ гъуэзэджэм и кIэух усэм фIэпщащ.

**НэхъыфMy схэлъар**
**Уэрэд гуапэу,**
**Къысхуэгъэнамэ -**
**Си насыпт...**

Си шынэхъыщIэ! Куэд щIащ сэ а псалъэ цIыкIуитIыр дыззрыт зэманым изгъэувэу хэлъыкIа нагъыщи зэрыпызгъэувэжрэ... Уэ уи насыпщ, Анатолэ! Уи насыпщ, уи хъуэпсапIэ инхэм я нэхъыбэр къохъулIащи! Уи насыпщ, тхыгъэ, усыгъэ, уэрэд дахэ куэд тыгъэ къытхуэпщIыну ухунэсащи! Уи насыпщ, къолыжу цIыхугъэ, адыгагъэ, нэмыс, гупытIэ пхэпльщи! Уи насыпщ, дыгъасэ узэхъуапсэу, зи лъэрыгъыпсыр бубыду щыта усакIуэ нэхъ пажэхэм нобэ уэри ухабжэ хъуащи! Уи насыпщ, уи тхыгъэхэр дэтхэнэ зы утыкуми щыбгъэIу хъунущи!..

ЦIыIэщ зы усэ е пьесэ закъуэ фIэкIа имытхауэ дуней псом щIэрыIуэ щыхъуа. «Дунеижь» зыфIэпща усэ закъуэм фIэкIа умытхауэ щытами, уэ фIыщIэшхуэ пхуэфащэт.

Зэман быркъуэшыркъуэм зэщиуда уи хэкуэгъуэхэм я упщIэ куэдым жэуап ептыфащи, икъукIэ гуапэщ. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, адыгэ усыгъэ дызэрыпагэр мывэ сэрэйм даубыда нэхъей, нэм къыфIэнэн сокIуэ зэрыхъэмыхьэжьым гуныкъуэгъуэ къыдитырт. А гуныкъуэгъуэр уэ тщхьэщыпхащ, гугъэ дахэ къыдэптыжащи, абрэфыр!

Илъэс зыбжанэ ипэкIэ уэ пхужьысIа си псалъэхэмкIэ сухыну сыхуейт си тхыгъэ кIэщIыр:

**Узыщытхъужу куэдрэ**
**Ину умыкIийми,**
**Уи тхыбзэм егъэзагъэ**
**ГущIэлъапсэр...**
**Залымыгъэм ди гур**
**Щигъэгуэ къэхъуми,**
**Хубогъэпсыжьыр**
**Лъагъуныгъэм ди псэр!**

**МЫСОСТЫШХУЭ Пщыэзбий**, *Урысей Федерацэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ щIыхь зиIэ я артист. 2006 гъэ*

Ипхъухэу Ланэрэ Залинэрэ. *2013 гъэ*

# Адэжь и щIыхьым фримыуэркъ, А щIыхьым хэлъкъым фи фIыщIэ лъэпкъ.

## Зыми хэбгъэгъуэщэнукъым

**Псоми зы дыгъэщ диIэр, ауэ усакIуэ нэсхэм дыгъэ зырыз яIэжщ; а дыгъэхэм я теплъэр зы щхьэкIэ, абыхэм къапих бзийкэр, а бзийкэм щIэлъ хуэбагъэр усакIуэ къэс я усыгъэхэм щыэхуэдэкъым. Зи тхыгъэ щIэджыкI усакIуэхэр зэрыгъэщхьыр хэбгъэкIрэ зэрызэщхьэщыкI гуэрхэр къыпхуэнэмэ, поэзие хъужри щIэщыгъуэу уи гум къинарщ.**

ДИ ЖАГЪУЭ зэрыхъущи, усэм и жыпхъэ гуэрым игъэзэгъа псалъэмакъ къыдзэзыщIыпIэхэр щэ бжыгъэмэ, гумрэ псэмрэ сыт щыгъуи зыхуэныкъуэ псалъэщIэ гуэр къыбжезыIэфыр пщIы бжыгъэщ. А пщIы бжыгъэм ящыщу сэ къызолъытэ усакIуэ Мыкъуэжь Анатолэ. Абы и IэдакъэщIэкIхэр - я гупсысэкIи, я гурыщIэкIи, усэхэм я фащэкIи - лIыпIэ иува усакIуэм «къызэригъэщIар» нэрылъагъуэ.

И лъахэм, и лъэпкым и тхыдэм кууэ щыхэплъэ усэ и мащIэкъым Мыкъуэжьым, ауэ абы и Iэпэр къытрихыркъым нобэрей махуэм и лъынтхуэкIи: ар хущIокъу зыхэт зэманым и нэщэнэ нэхъыщхьэхэр къыхиубыдыкIыну. «ХущIокъу» жысIа щхьэкIэ, а псалъэр мыбдеж щытэмэму къыщIэкIынукъым: апхуэдэм хущIэмыкъуу тхэ щыIэ? Нэхъ пыухыкIауэ жысIэнщи, и гугъапIэм и Iэр тезыгъахуэ усакIуэщ Мыкъуэжь Анатолэ.

**ТХЬЭГЪЭЗИТ Зубер**,
*Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэ.*

МЫКЪУЭЖЬ Анатолэ

## Си лъэпкъэгъуэхэм я деж

Адэжьхэм напэр я гъащIэ гъуазэу,
ДIэщIыгъуэ гугъуэгъэр къызэпачащ.
Бий гуартэ я щIым къащIизэрыгуэм,
Дунейр я лIыгъэм игъэзэджыджащ.

Адэжь щIэиныр гугъэм и закъуэ?!
ДэщIыгъущ а гугъэм беигъэ нэс:
Си хабзэ екIуэкIэ дыщэзэрылэщ,
Си псалъэжь Iущхэр налкъутналмэсщ.

А хъугъуэфIыгъуэр ныбжькIэрэ тыгъэ
КъытхуэзыщIахэм уралIэужьщ,
Адэжьхэм я псэр щыгуфIыкIыну
Къытенэ щIылъэм уэри лъэужь.

Ди лъэпкъ щэджащэм и дыщэ пхъуантэм
Къыдумынэфми тыгъэ бэлыхь,
А пхъуантэдэлъхэр щIэблэм хуэхъумэ,
Хуэхъу ди лъэпкъ мащIэм къэрэгъул бжыхь.

Ныбэизыгъэм зэщхьэщихуауэ,
КъытхокI лъэпкъ напэр къизымыдзэж,
Анэдэлъхубзэр, шхахуэ пэлъытэу,
ПхъэнкIий идзыпIэм ныхэзыдзэж.

Къуэпсыбэу щIылъэм хэмыкIа жыгыр
Къыкъуэумэ жьапщэ - тыншу кореч.
Гукъуэпскlэ лъэпкъым пымыщIа цIыхур,
Жьуджалэм ещхьу, жым кърехьэкI.

Щэнхабзэр, тхыдэр, анэдэлъхубзэр -
Лъэпкъ ЖыгкIэ зэджэм и къудамищщ.
Зытес къудамэр пызыущIыжыр
Тхьэр зытебгахэм мэхъур ящыщ.

Теплъэ къудейкIэ фIэкI уадыгэу
УкъамыщIэжмэ - сыт урищIыс?
Зи лIэужьыгъуэр мыгурыIуэгъуэ
Жыг кумылэншэм урещхьыркъэпсщ.

Адыгэу щыIэр кхъуэанэ тIуащIэ
Хуейщ мы зэманым дэ щIэдгъэкIын,
Куэнсапlэу къинэр - лъэпкъ жылэ хъункъым,
Апхуэдэм хуейщ дэ дакъупыкIын.

И лъэпкъым папщIэ зы щай и уасэ
Зымылэжьахэм захуэзогъаэз:
Адэжь и щIыхьым фримыуэркъ,
А щIыхьым хэлъкъым фи фIыщIэ лъэпкъ.

**Мыкъуэжь Анатолэ, Шырыт Сулътlан, Бекъул Токъан, Хьэх Сэфарбий, Къамбий Зуфар** *(щытхэщ)*, **Ержыб Асльэн, Сыкъун Хьэсэн, Мырзэкъан Суфян** *(щысхэщ). 1985 гъэ*

**TIымыжь Хьэмыщэ, Тэтрокъуэ Астемыр, БищIо Борис, Щоджэнцыкlу Леонид сымэ я гъусэу.**

## Тхьэр зыхуэупса

**Апхуэдэ насып Тхьэм псоми къаритыркъым - тхыльджэ нэхъыжьми, курытми, нэхъыщIэми дихьэхыу яджу, яIэщIэмыужагъуэу. АбыкIэ Тхьэр зыхуэупса зырызхэм ящыщу Мыкъуэжь Анатолэ.**

АР КЪЫЗЫХЭКIЫУ си гугъэри и усэхэм ящIэлъ гупсысэ куурщ, и бзэ дахэрщ, образ гукъинэжхэрщ. Сыт хуэдэ темэ къиIэтми, нэхъ ягъэлажьэ дыдэщ зыхужьIэнчъэри абы хэтыжу, уигу къэмыкIа лъэныкъуэкIэ бгъэдохьэри псэкIэ гъэхуэба гурыщIэхэр кьеГэщI узыIэпишэу, щIэщыгъуэу.

Усыгъэ нэсыр, поэзие жыхуаIэжыр, лъагъуныгъэшхуэм е гукъеуэ иным кьыхокI. КIэщIу жыпIэмэ, усакIуэр гурыщIэ лъагэм къызэщIиIэтэн хуейщ. А жысIам щыхьэт текIуэ тхыгъэхэр щымащIэжьым дунейпсо литературэм. Абы и лъэныкъуэкIэ щапхъэу къэпхъ хъунущ Мыкъуэжьым и «Маринэ» тхылъыр. УсакIуэм езым и щхьэм кърикIуа гуаузм къигъэщIа усэ гупышхэр зы щIыхь щхьэхуэ хэзгъэза пэтми, ар пасэу дунейм ехьажа щIыхьхэзэм - анэхэм, шыпхъхэм, псэм и щIасэ къэдым - я усыгъэфэеплъу кьыпфIощI:

**Маринэ, зыкIи**
**дыкъуэншакъым,**
**Къуэншар нэгъуэщIщ,**
**къуэншар нэгъуэщIщ.**
**Ди лъагъуныгъэр**
**хуэхъумакъым, -**
**Дунейр ныкъуэщIщ,**
**дунейр ныкъуэщIщ.**

Илъэс хыщIыр цIыхур зригъэзэкIыжу къикIуа гъащIэ гъэзугуанэм щрилъэж зэманщ. ЗэплъэкIыжми, Анатолэ игу лъагэ зыщIын Iэхуфl куэд и щIыбгаскIэ щилъагъуэжынущ - Тхьэм кърита зэчиим и фIыщIэкIэ ар хъуащ къэбэрдей литературэр зыгъэбжьыфIэ усакIуэ. Аракъэ езыр насып хъужыр!

**МЭЗЫХЬЭ Борис**,
*тхакIуэ.*

## Тхьэр зыхуэупса

**Апхуэдэ насып Тхьэм псоми къаритыркъым - тхыльджэ нэхъыжьми, курытми, нэхъыщIэми дихьэхыу яджу, яIэщIэмыужагъуэу. АбыкIэ Тхьэр зыхуэупса зырызхэм ящыщу Мыкъуэжь Анатолэ.**

АР КЪЫЗЫХЭКIЫУ си гугъэри и усэхэм ящIэлъ гупсысэ куурщ, и бзэ дахэрщ, образ гукъинэжхэрщ. Сыт хуэдэ темэ къиIэтми, нэхъ ягъэлажьэ дыдэщ зыхужьIэнчъэри абы хэтыжу, уигу къэмыкIа лъэныкъуэкIэ бгъэдохьэри псэкIэ гъэхуэба гурыщIэхэр кьеГэщI узыIэпишэу, щIэщыгъуэу.

Усыгъэ нэсыр, поэзие жыхуаIэжыр, лъагъуныгъэшхуэм е гукъеуэ иным кьыхокI. КIэщIу жыпIэмэ, усакIуэр гурыщIэ лъагэм къызэщIиIэтэн хуейщ. А жысIам щыхьэт текIуэ тхыгъэхэр щымащIэжьым дунейпсо литературэм. Абы и лъэныкъуэкIэ щапхъэу къэпхъ хъунущ Мыкъуэжьым и «Маринэ» тхылъыр. УсакIуэм езым и щхьэм кърикIуа гуаузм къигъэщIа усэ гупышхэр зы щIыхь щхьэхуэ хэзгъэза пэтми, ар пасэу дунейм ехьажа щIыхьхэзэм - анэхэм, шыпхъхэм, псэм и щIасэ къэдым - я усыгъэфэеплъу кьыпфIощI:

**Маринэ, зыкIи**
**дыкъуэншакъым,**
**Къуэншар нэгъуэщIщ,**
**къуэншар нэгъуэщIщ.**
**Ди лъагъуныгъэр**
**хуэхъумакъым, -**
**Дунейр ныкъуэщIщ,**
**дунейр ныкъуэщIщ.**

Илъэс хыщIыр цIыхур зригъэзэкIыжу къикIуа гъащIэ гъэзугуанэм щрилъэж зэманщ. ЗэплъэкIыжми, Анатолэ игу лъагэ зыщIын Iэхуфl куэд и щIыбгаскIэ щилъагъуэжынущ - Тхьэм кърита зэчиим и фIыщIэкIэ ар хъуащ къэбэрдей литературэр зыгъэбжьыфIэ усакIуэ. Аракъэ езыр насып хъужыр!

**МЭЗЫХЬЭ Борис**,
*тхакIуэ.*

**Мыкъуэжь Анатолэрэ сэрэ дигу къздгъэкIыжыни дызытепсэлъыхьыни ди куэдщ. 1973 гъэм Шордакъ къуажэм щыIэзэгъ колхозым университетым щеджэ гупышхуэ дашэт (абы щыгъуэ студентэр мазэкIэ колхозхэм, совхозхэм щылажьэну жэщхэсу яшэу щытащ). Тхыдэмрэ филологиемкIэ факультетым адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмкIэ, урысыбзэмрэ урыс литературэмкIэ и къудамэм и етIуанэ курсым сыщIэсу а гъэм ныщIэтIысхьэри губгъуэм нэкIуауэ къэсцIыхуащ Мыкъуэжьыр.**

АБы лъандэрэ Анатолэрэ сэрэ дызэныбжькъэгъущ, ди гъурри ди цIынэри зэрыщIэу, и чэзум ди дамэ зэщIэдгъакъуэу, гуауэр зэдзгъушу, гуфIэгъуэр зэдэлъту. Илъэс 43-р зэман цIыкIукъым. Си ныбжьэгъум и адэ Хьэбалэрэ (ахърэт нэху Тхьэм кърит!) и анэ КIулэрэ я Iыхьлыхэм сэ сымыцIыхурэ сыкъэзымыцIыхурэ яхэту сщIэркъым, и шыпхъу Людэрэ и къуэш Арсенрэ я гугъу умыщIыххэ.

Мыкъуэжь Анатолэ цIыхугъэшхуэ зыхэлъ ныбжьэгъу пэжщ, гу пцIанэ зиIэ уасэкIуэщ. Илъэс 17 фIэкI мыхъуу университетым ныщIэтIысхьани, ар усакIуэ хъэзырт: и усэбзэр щабэт, лантIэт, макъэр зэщIэжыуэрт, и гупысэр щIэщыгъуэт. Арагъэнут езым хуэдэу университетым щеджэ студентхэм абы и усэхэм макъамэ щIалъхьэурэ гитарэкIэ дежьууэ уэрэду щIыжаIэр. Нобэрей общежитэм ущIыхьами, Анатолэ и псалъэхэр зыщIалъ студент уэрэдхэр зэхыбох.

Мыкъуэжьыр нобэ зи тхылъхэр зэIэпахыу ядж, зи усэхэр яфIэфIу гукIэ зращIэ адыгэ усакIуэхэм ящыщщ. Езыми усэу ихтауэ хъуар гукIэ ещIэж. Апхуэдэ ди усакIуэхэм яхэту сэ сщIэркъым.

Тхылъхэр птхы, спектаклхэр бгъэув, фильмхэр тепх хъунущ Анатолэрэ пасэу дунейм ехьжа и щхьэ гъусэ Маринэрэ яку дэлъа лъагъуныгъэшхуэм теухуауэ.

Мыкъуэжь Анатолэ усакIуэ нэсу сэ къыщIэсIытэм нэгъуэщI щхьэусыгъуи иIэщ - абы хуэдэу ди гъащIэ зэхэзэрыхьар пэжу, темылъэщIауэ, мышынэу къэзыгъэльэгъуа иджырей ди усакIуэхэм яхэткъым.

**ТЭТРОКЪУЭ Астемыр**,
*Къэбэрдей-Балъкъэр радиом и адыгэ редакцэм и редактор нэхъыщхьэ.*

## Илъэс бжыгъэкIэрэ псыхьа зэныбжьэгъугъэ

**Мыкъуэжь Анатолэ и тхыгъэхэр быдэу епхащ нобэрей гъащIэм, иджырей цIыхухэм я гурыщIэгупсысэхэм, ахэр зыгъэгуфIэм, зыгъэпIейтеим, зыгъэгузавэм. Абыхэм яхэлъщ усэр Усыгъэ нэс зыщI хьэл-щэнхэр: псэ къабзагъэ, хьэлэлыгъэ, гупсысэ лъагэ, нэхугъэ.**

МЫКЪУЭЖЬЫМ и творчествэм куэдрэ къыхощ «гъузу», «гъэугъанэ» псалъэхэр. «ЖЬэгу пащхьэм» (Анатолэ и япэ тхылъым) къыщожьэри, а гъэугъанэр хуокIуэ «Къалэ жыжьэм». «Къалэ жыжьэр» - ар мурадрэм, гугъапIэ лъагэхэм, хъуэпсапIэ нэхуэхэм я къалэщ. «А гъэугъанэр зэпыслъхьу си нэгум щIэкI псори усэбзэкIэ стхьжьыным сыхущIэкъунущ», - жеIэ усакIуэм. Ар мурадышхущ, мурад гугъущ. Ауэ сытым щыгъуэ усакIуэ нэсым гъэугъу тынш къыщыхихыр?! «Покой нам только снится», - жиIэгащ Блок Александр.

Анатолэ щIохьэпс «хабзэ пхэнжу мы ди гъащIэр мыгъуэ кьыгъэщыщIхэр» щымыгъэIэным, зэлымыгъэр, нэмысыншагъэр дунейм тегъэкъэбзыкIыным, хейр мысэм хэутэн имыщIым, зи щIалэгъуэу гъащIэм зи хьыхьэгъуэр «ем и жьапщэм иримыщIыкIыным».

Мыкъуэжьым усэ куэд тритхыхьащ ди зэман ткIийм, ди гъащIэм къыхьыхьэ, ди лъэпкъ хабзэхэм къэмызэгъ Iэхугъуэхэм. Ар и псэр, и акъылыр зыгъэпIейтей псоми усэбзэкIэ поджэж.

Сытым темытхыхьми, Мыкъуэжьым иIэщ жиIэн. Ар къызыхэкIыр гъащIэр кууэ зэрызыхихищIэрщ, абы и лъэныкъуэ псоми гу льитэну зэрыхущIэкъэрщ. Аращ абы и усэхэр гупсысэ жанхэмкIэ щIэкъулейр, ирехъу ар лъагъуныгъэм, ныбжьэгъугъэм, пэжыгъэм, философскэ

# Ди щIыналъэм и тхыдэм траухуэ

● Хъыбар гуапэ

**«Россия К» телеканалым и лэжьакIуэ гупым Къабэрдей-Балъкъэрым щытрах «Искатели» циклым щыщ зи чэзу программэр. Фильмым лъабжьэ хуэхъуащ Налшык къалэм и лъахъэтхэу, къэхутакIуэхэу Котляровхэ Мариерэ Викторрэ я «Ключи от тайн мира мёртвых. Что искали гитлеровцы в горах Кабардино-Балкарии», «Мистический Кавказ. В роли охотников за тайнами «Аненербе» тхылъхэм я теплъэгъуэхэр.**

НЭГЪУЭЩI телеканалхэм къащхьэщыкIыу «Россия К»-м къэхъуГъэ тельыджэ нэпцIхэм зэман тригъэкIуадэркъым, «Искатели» нэтыныр зыгъэхьэзырхэми шыпсэхэм зыдрагъэхьэхыркъым. Урысейм рэхамэ къэралхэмрэ къыщыхъуа, мыхьэнэшхэу зиIэ Iэхуэгъэзэм, тхыдэм зэрытеухуарщ телевиденэм и программэ нэхъ щIэщыгъэхэм ящыщу ар къыщIалъытэр.

Нэтыным еплъхэм гъэщIэгъуэн ящыхьунущ Къэбэрдей-Балъкъэрым и бгылъэ щIыпIэхэм нэмыщэ зэрыпхъуакIуэхэм къыщалъыхъуам, «Аненербе» зэгъухьэныгъэм щыщхэм къалэн зыщащыжам, Iуащьхэмахуэ лъапэ щыIэ «Нэмыщэ кхъухьлъатэтIысыпIэ» щIыпIэм щIихъумэ щэхухэм теухуа упщIэхэм я жэуапхэр.

Нартан, Зеикъуэ къуажэхэм, Котляровхэ Мариерэ Викторрэ я тхылъ тедзапIэм нэтынхэр щытрахащ. Зеикъуэ ищхьэIуэкIэ щыIэ, метр 80 зи кууагъ шахтэ-бгъуэнщIагъым телевиденэм и лэжьакIуэхэр ехри цIыхухэм «Нартхэм я кхъэ» зыфIаща кхъэлъахэм кIуащ. Иджыпсту Iуащьхэмахуэ лъапэ щыIэхэщ, «Нэмыщэ кхъухьлъатэтIысыпIэ» щIыпIэм деж нэтынхэр щытрах.

Фигу къэдгъэкIыжьинщи, Урысейм и телеканал нэхъыщхьэхэм къэхутакIуэхэу Котляровхэ Мариерэ Викторрэ я тхыгъэхэм нэхъапэмы жыхуаIэщащ. Къапщтэмэ, «РЕН ТВ»-м нэтын зыбжанэ трихащ «Тайны мира с Анной Чапман» циклым хыхьэу. Апхуэдэу «НТВ» телеканалыр я лэжьыгъэм щытепсэлъыхьащ «Военная тайна с Игорем Прокопенко» циклым. Мызэ-мытIэу телевиденэм къита «Тайна нацистского аэродрома» документальнэ фильмыр «Звезда»-м игъэхьэзыращ.

«Искатели» циклым щыщу «Россия К»-м щагъэхьэзыр нэтынир мы гъэмахуэм къагъэлъагъэунущ.

**БЖЬЫХЬЭЛI Розэ.**

# Бекъан Чыланий Машэ и къуэр

Ди лъэпкъ журналистикэм хэщIыныгъэшхуэ игъэтащ. ПIалъэ кIэщIкIэ хьэлъэу сымаджэ нэужь, мэкъуауэгъуэм и 18-м дунейм ехьжащ и IэщIагъэм илъэс кудэкIэ хуэпэжа, абы жьыджэру икIи хьэлэлу хуэлажьа Бекъан Чыланий Машэ и къуэр.

Бекъаныр Нартан (Къылышбийхьэблэ) къуажэм 1926 гъэм мэкъуауэгъуэм и 5-м къыщалъхуащ. И къэкIэхъыгъуэ-зыужьыгъуэр Хэку зауэшхуэм ирихьэлIэри, и ныбжьым ит нэгъуэщI кудэхэми хуэдэу, а лъэхъэнэ хьэлъэр игъэващ: щIытI щыIахэм, мэз лъапэм щыплъырахэм, губгъуэрылажьхэкIи яхэтащ, бийм зэтрикъута цIыхубэ хозяйствэр зэфIэгъэуэвэжьным и гуащIэ хильхьащ.

Къуажэ школым къыщIэкIахэм яхэту, Чыланий еджакIуэ ягъакIуэ. Хъарзынэу кьехъуIэрти, илъэситхум иджын хуейр илъэситIым зрегъащIэри, экзаменхэр фIы дыдэу ет икIи 1948 гъэм Налшык пединститутыр кьеух. Дипломыр къыщIатыжа махуэхэм щегъэжьауэ и къарум къихьху ар и лъэпкъым хьэлэлу хуэлэжьащ. Аушыджэр къуажэм и курыт школым зэрыщыIа гъэ еджагъуитIым сабийхэми, адэ-анэхэми фIыуэ закъригъэлъэгъуащ, я щытхъу кьихьащ. КъыкIэлъыкIуэ илъэси 8-м - 1950 - 1958 гъэхэм - щалъхуа Нартан къуажэм щригъэджати, и Iэщ1агъэм хигъахъуэу, зригъэзэщIу, цIыхухэм я пщIэ игъуэту къэгъуэгурыкIуащ.

Бекъаныр журналист Iэзэ зэрыхъунур бэянт. Щыстудентми, егъэджакIуэу щылажьэми а зэманым «Къэбэрдей пэж», иужькIэ «Ленин гъэзу» цIэр зезыхьа газетым жыджэру хуэтхэрт, и IэдакъэщIэкIэр ягу ирихьырт. Куэд дэмыкIыуи редакцIэм ирагъэблагъэ икIи абы и мэкъумэш къудамэр и Iэмыщ1э иралъхьэ. ЛэжьэкункIэ Бекъаным а дзыхьыр игъэпэжащ. Мэкъумэш Iэщ1агъэ иIэ нэхьей, гъавэ щIэнми, Iэщ гъэхъунми хищIыкIырт, хозяйствэ куэдым я хьэсэхэм я нэхъ бавыльхэмрэ я щIыр нэхъ щыщIэджэладжэхэмрэ щыгъуаззт. Къуажэдэс лэжьакIуэжьхэр игъэнэхъыщIхьэрт. ЗэфIэкI зыбгъэдэлъ унафэщIхэр, Iэщ1агъэлIхэр, жэмыш, Iэщ1ихъуэ, механизатор пашэхэр фIыуэ иц1ыхурт, я гуащIэм гупсэхуу тетхьихьырт. Чыланий и гъусэу мэкъумэш къудамэм мэм щымылэжьа куэд редакцIэм щIэсакъым. Ари щIэблэр журналистикэм и щэхуэм хуэгъэсэным пыщIауэ газетым щыщэфIаГъэкIэм я зы Iыхьэт - лэжьакIуэщIэр къудамэ посми гъуэгурыкIуэ ягъакIуэрт.

Журналистикэм и жанрхэм хуэлэкIуэлъакIуэт, псом хуэмыдажу очерк тхыным хуэIэзэт. ЦIыхур зыгъэдахэ, зыгъэин, лъэныкъуэ куэдкIэ къэзыгъэцIыху тхыгъэшхуэхэр мэкъумэш Iэнатlэм щыпэрытхэм ятриуухуэрт. А псом къадэкIуэу, тхылъ щхьэхуэхэми куп1ащфIэу елэжьырт. Къапщтэмэ, абы къыдигъэкIащ «ЩIалэгъуэ хьэлъэ», «Къэгъэшыпlэм и деж» повестхэр, и очеркхэр щыщэхуэхьэса «Вабдзэ Iумахуэ» жьхуиIэр.

И хьэл-щэным и гугъу пщIымэ, Бекъаныр цIыхугъэшхуэрэ шыIэныгъэшхуэрэ зыхэлъ, хабзэ дахэ къызыдекIуэкI гупылIт, зи нэмысыр зыIыгъыж, зи щхьэмрэ зи цIэмрэ пщIэ хуэзыщIыж цIыху щIыпкъэт, хуабжьу зэпIэзэрытт. Лэжьыгъуэ кърихьэлIар къэльытэгъуейщ. Лъэпкъ журналистикэм зегъэужьным хуищIа хэпхьэныгъэр и Iуэхущ1афэу щытам и пщалъэ нэхъыщхьэщ.

И гуащIэ хьэлэлым хуэфащэ пщIэи кьыпэкIуащ. 1962, 1978 гъэхэм КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и Щ1ыхь тхылъхэр, 1971 гъэм «ЩIыхьым и Дамыгъэ» орденыр къратащ. Журналистикэм щIэ фIыщIэм и щыхьэту, 1983 гъэм «КъБАССР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» щIэ лъапIэр кьыфIащащ, илъэсипл1 дэкIри, КПСС-м и ЦК-м, СССР-м и Министрхэм я Советым, ВЦСПС-м, ВЛКСМ-м и ЦК-м я ЩIыхь тхылъыр кьыхуагъэфэщащ.

Цыху гуапэу, нэхъыжьыфIу дунейм тета, лъэужь дахэ къэзыгъэна Бекъан Чыланий хьэлэлу бэм хуэлэжьащ, абы и фэеплъыр IэфIу ди гум илъынщ.

***«Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакIуэхэр.***

# Бэнэкlэ хуит

# Махуэм чемпионхэр Польшэм щыхегъащIэ

**Тхьэмахуэ блэкIам Польшэм и Спале къалэм щыIэхэтащ бэнэкIэ хуитымкIэ «Циолковскэм и мемориал» дунейпсо зэхьэзэхуэ. Абы къыхьыщIагъэльэгъуащ ди лъэпкъэгъу Махуэ Билал.**

ЗИ ХЬЭПЪАГЪЫР килограмми 125-м нэблагъэхэм я гупым Махуэм къыщыпэщIэта и хьэрхуэрэгъуэхэм зы Iэмали яримиту текIуэныгъэр кьафIихьащ. Апхуэдэу Билал бжьыгъэ зэщхькIэ, 8:0-у, efIэкIащ Болгариием къикIа Илиевымрэ хэгъэрейхэм ящыщ Скашевицрэ. Китай бэнакIуэ Денг 6:0-у текIуащ.

Финал ныкъуэ зэIуущIэм Махуэ Билал къыщыIуущIащ Олимп чемпион, тхэнэйрэ дунейпсо чемпион Гацалов Хьэжмурат. АрщхьэкIэ абыи гугъущэ демыхьу тушекIэ тридзэри, ди лъэпкъэгъуэм текIуэныгъэр зыIэригъэхьащ.

Финал зэIуущIэм адыгэ щIалэм къыщыпэщIэтащ Якутск къалэм накъыгъэм щекIуэкIа къэралым и чемпионатым пашэ щыхъуа Магомедов Мухьэмэтгъази. ИпэкIэ иригъэкIуэкIа зэпэщIэтыныгъэхэм нэхърэ хьэджэрыжу абы Махуэм зыкъыщIэхъуихащ икIи зы щэч кьызытумыхьэн бжьыгъэкIэ, 10:0-у, Урысейм и иджырей чемпионыр хигъэщIащ.

- Польшэм щекIуэкIа зэхьэзэхуэм къыщIэгъэлъэгъуа зэфIэкIымкIэ сыарэзащ. КъищIэмыщIауэ, иджырей зэпэщIэтыныгъэхэм бгъэдыхьэкIэщIэ хузиIэ хъуащ, Гацалов Хьэжмурат абы зэрыхэтыр къыщысщIам. Хьэжмурат дебгъэкIуэкIыну зэIуущIам адрейхэм хуэдэу зыхуэбгъэхьэзыр хъунукъым - мыр адрейхэм къащхьэщокI, - жиIащ Махуэм зэхьэзэхуэ нэужьым.

Фигу къэдгъэкIыжьинщи, Махуэ Билалрэ Гацаловымрэ 2008 гъэм ЦСКА-м и кубокыр кхъхьыным и финал зэIуущIам щыхэхуэзэщ щытащ. ТхьэмапIэхэкIэ кьраха щхьэхьым и зэраныр нэсу зыпкърымыкIыжа ди лъэпкъэгъуэ 0:2-уэ абы кьыхагъэщIащ. ИужькIэ а бэнакIуэхэр зэи официальнэ зэIуущIэхэм щызэхуэзатэкъым.

Иджырей текIуэныгъэм иужькIэ дыщыгугъынщ Махуэ Билал Олимп джэгуэхэм ягъэкIуэнухэм я гупым хагъэхьэну. Абы теухуа кIэух унафэр къыщащтэнур мэкъуауэгъуэм и 24-м бэнэкIэ хуитымкIэ къэралым и командэ къыхэхам Кисловодск щригъэкIуэкIыну зыгъэсэныгъэхэрщ.

**ЖЫЛАСЭ Замир.**

# Урысыбзэмрэ щэнхабзэмрэ я фестиваль

**«Дэ Урысейм дрицIыхущ» урысыбзэмрэ щэнхабзэмрэ я фестивалым хэту КъБКъУ-м «Полиязычный Пушкин Александр» фIэщыгъэм щIэту еджэныгъэмкIэ зэпеуэ, урыс цIыхубэ уэрэдыжьхэм я республикэпсо зэхьэзэхуэ иджыблагъэ ирагъэжьауэкIащ. Абы хэтыну цIыху 247-м зрагъэтхат.**

ЕДЖЭНЫГЪЭМ зэрыхуэIэзэр 1-11-нэ классхэм щIэс ныбжьыщIэхэм къагъэлъагъуащ. Урыс тхакIуэшхуэм и Iэдакъэщ1экIхэр бзэ тIощIкIэ щагъэIуащ пшыхьым. Дэтхэнэри екIуу утыку зэритыныр яужь итт. НэхъыфIу усэ кьеджауэ къалъытахэр КъБКъУ-м и ректор Альтуд Юрий щыхь тхылъкIэ игъэпэжащ.

- Илъэс къэс университетым урысыбзэмрэ щэнхабзэмрэ я фестиваль гъэщIэгъуэн щокIуэкI, ноби мыхьэнэшхуэ зиIэ зэIуущIэ диIауэ жыпIэ хъунущ, - заохуигъэзащ къызэхуэсахэм Альтудым. - Пушкин Александр и усэхэр ди гъащIэ псокIэ къыддогъуэгурыкIуэ, абыхэм деджэжьыу щIэ гуэр, ипэкIэ гу зылъыдмыта гупсысэ кьыхьдох. Пушкиным и усэхэм шокIуэ щIыкIуэр щIэщыгъуэу кьеджащ. Сыщогугъ апхуэдэ зэфIэкI зиIэ щIэблэщIэр зэман гъунэгъум ди студент хьуну. Екъулэныгъэ фи бэу дяпэкIиefIэкIуэну си гуапэщ.

Ипэ, етIуанэ, ещанэ ныбIэкIэр республикэм и школ зэмылIэужьыыгъуэхэм щеджэ ныбжьыщIэхэм зэдгъэгуэшащ. Абыхэм КъБКъУ-м и студентхэри яхэтщ. Ирыс цIыхубэ уэрэдыжьхэмкIэ зэпеуэм хэтахэри апхуэдэу ягъэпэжащ.

**УЭЛДЖЫР Аринэ.**

# Къабзагъэм кIэлъыплъхэр

● Налшык

**Ди щыхьэрыр кIуэ пэтми нэхъ къабзэ мэхъу.**

МЫ ЗЭМАНЫМ ирихьэлIэу къалэр секторитем 10 гуэшащ. Абыхэм псори зэхэту щагъуэва пхъэнкIиилъэхэм я бжьыгъэ 1 миным нос. Ахэр сыт щыгъуи къабзэу щытыным кIэлъоплъ «Эколог-плюс», «Эконова», «Экотранс» фирмэхэм я лэжьакIуэхэр. Илъэс куэд льандэрэ зи къалэныр тэмэму зыгъэзащIэ мы фирмэхэм къищынэмыщIауэ, кIэрыхухбжьэрыхуэхэр къалэм дэгъэхэбзыкIыным пэрытщ къэунэхуагъащIэ фирмэ цIыкIуфэкIу зыбжани.

Пэжыыгъэр хьэлъэ зыщI Iэхъугуэзэм ящыщщ ухуакIуэ щхьэхуэхэм я хьэгъэщагъэр: абыхэм кIэрыхубжьэрыхуэхэр жэщкIэ контейнерхэм гъэпщкIуаеуэ иралъхьэ. Апхуэдэхэм я зэранкIэ хьэлъагъ ямылеИм тещIыхьауэ щымыт техникэр щIэх-щIэхыурэ мэкъутэ. ГурыIуэгъуэгъущIыпIэм и фейдэ абы зэрыхэмылъыр.

**ХЬЭХЪУПАЩIЭ Хьэзиз.**

# Мырзэкъан Суфян Жамболэт и къуэр

Мэкъуауэгъуэм и 17-м дунейм ехьжащ адыгэ журналистикэм зегъэужьным хэлъхьэныгъэ хуэзыщIа, «Адыгэ псалъэ» газетым илъэс куэдкIэ щылэжьа, ди нэхъыжьыфI Мырзэкъан Суфян Жамболэт и къуэр.

Мырзэкъан Суфян КъБАО-м и Аруан щыналъэм хыхьэ Старэ Шэрэдж (Дохъушыкъуей) къуажэм 1928 гъэм зэдзэгъуэм и 25-м къыщалъхуащ.

Къэбэрдей пединститутым литературэмрэ бзэмкIэ и къудамэр 1950 гъэм къиухащ. ФIыуэ зэреджэм, дахэу цIыхухэм зэрахэтым пщIэшхуэ хуэщIу, ар а зэманым Налшык къалэ Советым и депутату хахауэ щытащ, студентхэмрэ егъэджакIуэхэмрэ я лIыкIуэу.

Зэреджэм хуэдэурэ ар «Къэбэрдей пэж» газетым корректору щылажьэкIт. А зэманым а курсыр зи нэIэ щIэта Къардэн Бубэ тригъэгушхуэри, Суфян адыгэбзэ, урысыбзэ куэдмитIми зэуэ щеджащ. Ар тынштэкъым, дауи. Ауэ щIэныгъэм хуэпабгъэ щIалэм факультетитIри диплом плъыжькIэ кьиухащ.

Республикэм Iэщ1агъэлIхэр къыщIемыщIакIэ зэмазт. ЕджапIэ нэхъыщхьэр ехьулIэныгъэкIэ къэзыуха Мырзэкъан Суфян «Къэбэрдей пэж» газетым и къудамэхэм ящыщ зым и унафэщIу ягъэувауэ, дзэм къулыкъу щищIэну ираджащ. Зыхэхуэ гупым я нэхъыфIхэм хабжэ щIалэр полк еджапIэм ягъэкIуэну. Сержант цIэр иIэу ар къеухри, офицерхэр псынщIэу щагъэхьэзыр еджапIэм и щIэныгъэм щыпещэ. Мырзэкъаным лейтенант цIэр кьыфIащауэ зэз къулыкъур кьиухащ 1954 гъэм.

А гъэ дыдэм абы Псыгуэнсу и курыт школым жьакIуэ гупышхуэр игъэгушхуэу, и чэзум я ныкъуэсаныгъэхэр яригъэлъагъэркъэ ар ягъэзэкIуэжьныкIи ядэIэпыкъуу илъэс куэдкIэ къадекIуэкIащ. Суфян сыт хуэдэ IэхъукIэ, ар лэжьыгъэм пымыщIауи щрети, убгъэдыхьани, ущигъэунэтэкъым, щабэу кхьыбгуригъаIуэрт пщIэн хуейр. Ар цIыху хэтыкIэ зыщIэ, сыткIи щапхъэ унафэщIт, Iэдэбт, пщIэ зыхуозыгъэщI нэхъыжьыфIт. Ди редакцIэм щыщылэжьа илъэсхэм абы журналист Iэщ1агъэм ныкьыщIэ куэд хуиГъэсащ, гъэзу тэмэм тригъэуващ. Абы-хэм ящыщ куэдыр ноби мэлажьэ.

Щхьэхуэу тепсэлъыхьын хуейщ Суфян зэдзэкIакIуэ Iэзэу зэрыщытам. Жылагъуэ, политикэ Iэхъуэм ятеухуа тхыгъэ гугъуэхэр абы хуэдэу тэмэму адыгэбзэм кьызыгъэзагъэ гъуэтыгъуейт.

Сыт хуэдэ Iэнатlэ пэрытами, и лэжьыгъэр хьэлэлу, гурэ псэкIэ етауэ илъэс хьщIкIэ зыгъэзэщIа, Къэбэрдей-Балъкъэрым и гуащIэ хэзылъхьа а цIыху щIпкъэм хуэфащэ пщIэ игъэтащ. Суфян тIэуней гъэ кьыхуагъэфащащ КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и Щ1ыхь тхылъыр, къратащ Ленин В. И. илъэси 100 щрикъум и щIыхькIэ къыддагъэкIа фэеплъ медалыр, Урысей Федерацэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ я пэжакIуэ цIэ лъапIэхэр кьыфIащащ.

ЦIыхугъэрэ гъэсэныгъэкIэ щапхъэу кьытхэта Мырзэкъан Суфян абы дэлэжьа псоми гуапэу ди гум кьинэнущ.

***«Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакIуэхэр.***

# Къуэхъу

## *Жыласэ Iэдыщэ Замир и пхъур илъэс ирокъури, дохъуэхъу*

Псэм хуэдгъадэ, фIыщIэу тлъагъу ди пщащэ гъэфIэн Iэдыщэ цIыкIу! Ноби хуэдэу, дунейр уи щIэщыгъуэу, Мэлычыпхъэ и щIэблэу уIущу, уэхыхьэм зэрфIэкIыу, уи къэкIуэнур дахэу, насыпыр изу, узынщагъэр уиIэу, уи пщIэр лъагэрэ уи псэр кьабзэу, щэныфIэу, акъылыфIэу, уи адэ-анэу Замиррэ Бэллэрэ, уи анэхьылъхуэху Темыларнрэ Дыщэнэрэ, уи нэхъыжьхэр уи пщIэмрэ щIыхьымрэ иригушхуэу, адыгэ пщащэм и щапхъэщ кьыпхужаIэу дуней щIэращIэм гу щIпхуэну, гъащIэ дахэрэ насыпэ инкIэ Тхьэр кьыпхуэупсэну дынохьуэхъу.

***Уи адэшхуэ-анэшхуэр.***

● Гу зылъытапхъэ

# «Пщэдей зауэ къэхъуат»

**Мэкъуауэгъуэм и 21-м сыхьэт 22-м щIидзэу Налшык къалэ и «МафIэ мыуэжьых» фэеплъым деж щекIуэкIыныгъэ «Пщэдей зауэ къэхъуат» урысейпсо Iуэхум щыщ Iыхьэ.**

АР ТЕУХУАЩ илъэс 75-рэ и пэкIэ къэхъея зауэм ди цIыхухэм къыщагъэлъэгъуа лIыгъэмрэ лIыхъужьыгъэмрэ яцIымыгупщэным, къэрал кIуэцI IэхуэхэмкIэ организэм я лэжьакIуэхэр, цIыхухэр хэкупсэу гъэсэным.

Зэхьэхьэм кхрихьэлIэнчэ республикэ МВД-м и унафэщIхэмрэ къулыкъущIхэмрэ, я Iэнатlэм и ветеранхэр, Хэку зауэшхуэм хэтахэмрэ министерствэм дэлажьэ Жылагъуэ советым лIыкIуэхэмрэ.

***Къэрал кIуэцI Iуэхуэхэмкlэ министерствэу КъБР-м щыIэм и пресс-Iуэхущlапlэ.***

# Бекъан Чыланий Машэ и къуэр

Ди лъэпкъ журналистикэм хэщIыныгъэшхуэ игъэтащ. ПIалъэ кIэщIкIэ хьэлъэу сымаджэ нэужь, мэкъуауэгъуэм и 18-м дунейм ехьжащ и Iэщ1агъэм илъэс куэдкIэ хуэпэжа, абы жьыджэру икIи хьэлэлу хуэлажьа Бекъан Чыланий Машэ и къуэр.

Бекъаныр Нартан (Къылышбийхьэблэ) къуажэм 1926 гъэм мэкъуауэгъуэм и 5-м къыщалъхуащ. И къэкIэхъыгъуэ-зыужьыгъуэр Хэку зауэшхуэм ирихьэлIэри, и ныбжьым ит нэгъуэщI кудэхэми хуэдэу, а лъэхъэнэ хьэлъэр игъэващ: щIытI щыIахэм, мэз лъапэм щыплъырахэм, губгъуэрылажьхэкIи яхэтащ, бийм зэтрикъута цIыхубэ хозяйствэр зэфIэгъэуэвэжьным и гуащIэ хильхьащ.

Къуажэ школым къыщIэкIахэм яхэту, Чыланий еджакIуэ ягъакIуэ. Хъарзынэу кьехъуIэрти, илъэситхум иджын хуейр илъэситIым зрегъащIэри, экзаменхэр фIы дыдэу ет икIи 1948 гъэм Налшык пединститутыр кьеух. Дипломыр къыщатыжа махуэхэм щегъэжьауэ и къарум къихьху ар и лъэпкъым хьэлэлу хуэлэжьащ. Аушыджэр къуажэм и курыт школым зэрыщыIа гъэ еджагъуитIым сабийхэми, адэ-анэхэми фIыуэ закъригъэлъэгъуащ, я щытхъу кьихьащ. КъыкIэлъыкIуэ илъэси 8-м - 1950 - 1958 гъэхэм - щалъхуа Нартан къуажэм щригъэджати, и Iэщ1агъэм хигъахъуэу, зригъэзэщIу, цIыхухэм я пщIэ игъуэту къэгъуэгурыкIуащ.

Бекъаныр журналист Iэзэ зэрыхъунур бэянт. Щыстудентми, егъэджакIуэу щылажьэми а зэманым «Къэбэрдей пэж», иужькIэ «Ленин гъэзу» газетым илъэс куэдкIэ щылэжьа, а зэманым Налшык къалэ Советым и депутату хахауэ щытащ, студентхэмрэ егъэджакIуэхэмрэ я лIыкIуэу.

Зэреджэм хуэдэурэ ар «Къэбэрдей пэж» газетым корректору щылажьэкIт. А зэманым а курсыр зи нэIэ щIэта Къардэн Бубэ тригъэгушхуэри, Суфян адыгэбзэ, урысыбзэ куэдмитIми зэуэ щеджащ. Ар тынштэкъым, дауи. Ауэ щIэныгъэм хуэпабгъэ щIалэм факультетитIри диплом плъыжькIэ кьиухащ.

Республикэм Iэщ1агъэлIхэр къыщIемыщIакIэ зэмазт. ЕджапIэ нэхъыщхьэр ехьулIэныгъэкIэ къэзыуха Мырзэкъан Суфян «Къэбэрдей пэж» газетым и къудамэхэм ящыщ зым и унафэщIу ягъэувауэ, дзэм къулыкъу щищIэну ираджащ. Зыхэхуэ гупым я нэхъыфIхэм хабжэ щIалэр полк еджапIэм ягъэкIуэну. Сержант цIэр иIэу ар къеухри, офицерхэр псынщIэу щагъэхьэзыр еджапIэм и щIэныгъэм щыпещэ. Мырзэкъаным лейтенант цIэр кьыфIащауэ зэз къулыкъур кьиухащ 1954 гъэм.

А гъэ дыдэм абы Псыгуэнсу и курыт школым жьакIуэ гупышхуэр игъэгушхуэу, и чэзум я ныкъуэсаныгъэхэр яригъэлъагъэркъэ ар ягъэзэкIуэжьныкIи ядэIэпыкъуу илъэс куэдкIэ къадекIуэкIащ. Суфян сыт хуэдэ IэхъукIэ, ар лэжьыгъэм пымыщIауи щрети, убгъэдыхьани, ущигъэунэтэкъым, щабэу кхьыбгуригъаIуэрт пщIэн хуейр. Ар цIыху хэтыкIэ зыщIэ, сыткIи щапхъэ унафэщIт, Iэдэбт, пщIэ зыхуозыгъэщI нэхъыжьыфIт. Ди редакцIэм щыщылэжьа илъэсхэм абы журналист Iэщ1агъэм ныкьыщIэ куэд хуиГъэсащ, гъэзу тэмэм тригъэуващ. Абы-хэм ящыщ куэдыр ноби мэлажьэ.

Щхьэхуэу тепсэлъыхьын хуейщ Суфян зэдзэкIакIуэ Iэзэу зэрыщытам. Жылагъуэ, политикэ Iэхъуэм ятеухуа тхыгъэ гугъуэхэр абы хуэдэу тэмэму адыгэбзэм кьызыгъэзагъэ гъуэтыгъуейт.

Сыт хуэдэ Iэнатlэ пэрытами, и лэжьыгъэр хьэлэлу, гурэ псэкIэ етауэ илъэс хьщIкIэ зыгъэзэщIа, Къэбэрдей-Балъкъэрым и гуащIэ хэзылъхьа а цIыху щIпкъэм хуэфащэ пщIэ игъэтащ. Суфян тIэуней гъэ кьыхуагъэфащащ КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и Щ1ыхь тхылъыр, къратащ Ленин В. И. илъэси 100 щрикъум и щIыхькIэ къыддагъэкIа фэеплъ медалыр, Урысей Федерацэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ я пэжакIуэ цIэ лъапIэхэр кьыфIащащ.

ЦIыхугъэрэ гъэсэныгъэкIэ щапхъэу кьытхэта Мырзэкъан Суфян абы дэлэжьа псоми гуапэу ди гум кьинэнущ.

***«Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакIуэхэр.***

Мэкъумэш Iэнатlэм и ветеран, парт лэжьакIуэ, я ныбжьэгъу **Хьэвцlыкlу Мухьэб Пlытlашэ и къуэр** дунейм зэрехьжар я гум щыхьауэ, РОТ ФРОНТ (Урысейм и лэжьакIуэ фронт зэгуэт) политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм хэтхэр абы и Iыхьлыхэмрэ и благъэхэмрэ яхуогузавэ.


Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

**ЖьэкIэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ - жэуап зыхь секретарь), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къардэн Маритэ, НэщIэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩхьэщэмыщI Иэз.**

Адрес: 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетым 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хутныныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущlапlэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Тедзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщалъэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцIэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетым 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хутныныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущlапlэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

*Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ* **ДыщэкI Соня**, *редактору* **ЩхьэщэмыщI Иэз**, *корректорхэу* **Афэ Тамарэ** *(1, 4-нэ нап.),* **ПхытIыкI Азэмэт** *(2, 3-нэ нап.), корректорхэм я дзэпыкъугъэу* **Нэужокъуэ Заирэ.** *Компьютерклэ газетым и теплъэр ящIащ* **Дол Маринэ, Ныр Сандэ, Щомахуэ Марианнэ, Мэбатхъуэ Анжелэ, Бецто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 21.50-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 4.078 ● Заказ №852


● Футбол

# «Спартак-Налшыкыр» зэкIэ хуит ящI

**Урысей Федерацэм и Футбол Лъэпкъ Лигэм мэремым щыIэхэта лицензировэнэмкIэ комиссэм и зэIуущIэм «Спартак-Налшыкыр» хуит щащIащ 2016 - 2017 гъэхэм япэ дивизионым щекIуэкIыну зэхьэзэхуэм щыджэгуну, щIэуэ къыхуагъэувэ мардэхэр мэкъуауэгъуэм и 21 пщIондэ щызэхащIэмэ.**

ХЬЫБАР зэрывэдгъэщIауэ щытащи, мэкъуауэгъуэм и 6-м япэу щыIа комиссэм «Спартак-Налшыкыр» къыщэтрагъэувыIащ, зэпеуэм зэрыхэтын мылъкур къыздикIынур нэсу къызэрамыгъэлъэгъуэфам къыхэкIыу. Иджы а гугъуехьхэр къызэранэкIащ икIи Къэбэрдей-Балъкъэрым и футбол командэ нэхъыщхьэр, илъэситкIэ къэтауэ, япэ дивизионым хохьэж. Абы щыгъуэми къыщыщIэкIар мылъкур зэрахуримыкъурат.

Футбол Лъэпкъ Лигэм иджыблагъэ къыщащта календарым ипкъ иткIэ, япэ дивизионым 2016 - 2017 гъэхэм щыIэхэтыну зэхьэзэхуэм мы гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 11-м щIидзэнурэ етIанэгъэ накъыгъэм (майм) и 21-м ирихьнущ. Лицензэм текIуэну псори тэмэму зэфIэкIмэ, ди щIалэхэм япэу ягъагъэблагъэнущ премьерлигэм къыхэкIагъащIэ Краснодар и «Кубань»-р.

**ХЬЭТАУ Ислъам.**

● Гу зылъытапхъэ

# «Пщэдей зауэ къэхъуат»

**Мэкъуауэгъуэм и 21-м сыхьэт 22-м щIидзэу Налшык къалэ и «МафIэ мыуэжьых» фэеплъым деж щекIуэкIыныгъэ «Пщэдей зауэ къэхъуат» урысейпсо Iуэхум щыщ Iыхьэ.**

АР ТЕУХУАЩ илъэс 75-рэ и пэкIэ къэхъея зауэм ди цIыхухэм къыщагъэлъэгъуа лIыгъэмрэ лIыхъужьыгъэмрэ яцIымыгупщэным, къэрал кIуэцI Iэхуэхэмкlэ организэм я лэжьакIуэхэр, цIыхухэр хэкупсэу гъэсэным.

Зэхьэхьэм кърихьэлIэнчэ республикэ МВД-м и унафэщIхэмрэ къулыкъущIхэмрэ, я Iэнатlэм и ветеранхэр, Хэку зауэшхуэм хэтахэмрэ министерствэм дэлажьэ Жылагъуэ советым лIыкIуэхэмрэ.

***Къэрал кIуэцI Iуэхуэхэмкlэ министерствэу КъБР-м щыIэм и пресс-Iуэхущlапlэ.***